



BFAM

SHONA


www.iBFAM.org

BEREKANAI MUWANDE



ZIVA ZVAKAVANZIKA ZVIRI MUBHAIBHERI

KUTANGA KURARAMA HUPENYU HUZERE MAERERANO NEMARONGERO MWARI ANOKUSHUWIRA



ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI ZVEKUITA NEDZIDZISO

ZVINOSUNUNGURA ZVAKAVANZIKA ZVIRI MUBHAIBHERI

“Jesu akataura zvinhu izvi zvose kuvanhu nemifananidzo. Haana chaakataura kwavari asingashandisi mifananidzo. Saizvozvo zvakazadziswa zvakanga zvataurwa kubudikidza nemuporofita zvichinzi: “Ndichataura zvinhu zvakavanzika kubva pakusikwa kwenyika.”

BEREKANAI MUWANDE

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI ZVEKUITA NEDZIDZISO

GWARO REBM + ZVIKAMU ZVAKAKOSHA



Rakaitwa ne:

Every Home for Christ International

P.O. Box 64000, Colorado Springs, CO 80962-4000 USA

719) -260-888

BFAM@ehc.org

www.iBFAM.org

Copyright © 2012 by Every Home for Christ

Mvumo inopiwa kugadzira uye kugovera zvidzidzo izvi kana:

- Kukosha kwakakodzera kukapiwa munyori – Every Home for Christ International
- Every Home for Christ yaziviswa kuti zvidzidzo izvi zvichashandiswa sei uye kupi.
- Kuti hazvizotengeswi kupfuura mutengo wekubuditsa makopi mamwe.

Kuturikira uye kutora zvimwe zviri mukati kunokurudzirwa kana:

- Kududzira kwaitwa kuchiongororwa kana nokuda kweEvery Home for Christ International
- Kuwirirana kunenge kwaitwa kuchirenekedza kuti Every Home for Christ International ndivo varidzi vezvakaturikirwa zvose uye dzimwe dudziro.
- Gwaro rekupedzesera rapiwa ku Every Home for Christ kuti richengetedzwe uye kugoverwa (zvinokurudzirwa kuva rakaiswa pabepa kana riri digital copy)

Zvidzidzo zveBM zvinoenderana nenzira yekudzidzisa inokwanisa kunzwisika kuti igamuchirwe kune mubayiro muchidzidzo chega chega. Kana usina kudzidziswa kushandisa BM, taurai neve Every Home for Christ.

Magwaro ose, kunze kwokunge zvaratidzwa akabva mu Bhaibheri Dzvene MuChishona Chanhasi rakaitwa neInternational Bible Society – Africa.

Rakagoverwa ne Every Home for Christ International

ZVIRIMUKATI ME BM

GWARO RE BM

Nhanganyaya yeBM.....	3
Nhanganyaya dzeNyaya.....	4
Ziva Nyaya.....	5
Nzwisisa Nyaya.....	6
Tsvakai Chokwadi.....	7
Mamiriro ari oga eBM.....	9
Maitiro neNzira dzeBM.....	11
Zvidzidzo Zvekuita.....	12
Kuitisa Musangano Weboka Revateveri.....	15
Zvikamu Zvakakosha.....	16
Kutanga/Kugadzirira BM.....	17

ZVIKAMU ZVAKAKOSHA

Chikamu Chechidzidzo 1: MUSORO WEKONA.....	19
<i>HUKAMA HWAKAWIRIRANWA</i>	
Chikamu Chechidzidzo 2: KUTANGISA.....	33
<i>Ivai munaKristu</i>	
Chikamu Chechidzidzo 3: MADZIRO.....	47
<i>Hupenyu Huzere</i>	
Chikamu Chechidzidzo 4: DENGA/PFIRIRO.....	61
<i>Chokwadi Chakakosha</i>	

Nhanganyaya ku

Berekanai muwande

Zvidzidzo zve “Berekanai Muwande”(BM) zvidzidzo nenzira dzehutevedzeri zvakagadzirwa vateveri vaKristu neavo vanoshuvira kuvawo vateveri vaKristu vanoda kunzwisisa nezvehukama hwavanokwanisa kuva nahwo naMwari umwe hwechokwadi anorarama. (BM) zvidzidzo zvakagadzirwa kuratidza vateveri vaKristu hupenyu hwakazadziwa vachikwanisa kuve nehukama naJesu.

Vanhu vakasikirwa kuva nehukama nevamwe. Zvakanyanya kukosha, vanhu vakasikirwa kuva nehukama naMwari. Zvimhingamupinyi zverutadzo kuparadzana hukama nevamwe uye naMwari. Hukama hwakaparara hunoita kuti tive nekusawirirana nevamwe, zvimwe zvisikwa uye naMwari. Nokuda kwaizvozvo tinoona kuti panyika pano tinowana hondo, nzara, kurwisana, zvirwere, kurwara, hutongi husina kururama uye kugarisana kusina kururama. Kana tisina kunzwisisa kubuda mukutadza nekudzoredzana hukama hwedu, mugumo wedu kurarama hupenyu hunekusuwa.

Vhangeri Rakanaka nderokuti Mwari vakatipa nzira dzokuti tizive zvivi uye tidzoredze hukama. BM inodzidzisa vanhu kuti varave nekutsvakiridza Vhangeri Rakanaka rinowanikwa muMagwaro Matsvene aMwari, Bhaibheri. Apo vanhu vanenge vachitsvakiridza Vhangeri Rakanaka rinowanikwa nyaya dziri muBhaibheri, chikwadi chakakosha chinozaruka. Nzira yeBM ndeye kustvaga chokwadi chinowanika muBhaibheri kuti kuti vanhu vabatsirike kuziva madzidziro nekunzwisisa Bhaibheri.

MuBhaibheri, Mwari vakaita chitsidzo kune avo vanotsvaga kuziva chokwadi zvizere. “Kumbirai mugopiwa, tsvakai mugowana, gogodzai mugoazarurirwa. Nokuti munhu wose anokumbira anopiwa, anotsvaka anowana; uye anogogodza anozarurirwa musiwu.” (Mateo 7:7-8). Dzidziso dzeBM dzinodzidzisa vanhu kukumbira, kutsvaka nekugogodza. Dzinodzidzisa vanhu kuverenga Bhaibheri nekutsvaka chokwadi chaMwari. Chokwadi ndechekuti Mwari vakaziva zvitadzo zvedu uye vanoda kudzoredzana hukama hwedu. Kune avo vanoda kutsvakiridza chokwadi chaMwari uye vanoda kurarama muchokwadi chinowanikwa muBhaibheri vakavimbiswa kudzoredzanwa hukama hwavo naMwari. Kana hukama hwevanhu hukadzoredzaniwa naMwari, vanorarama hupenyu hwakazara.

Chikonzero chekuti dzidziso idzi dzipiwe zita rokuti “Berekanai Muwande” chinhanho chekutanga mukurarama muhukama naMwari kuti tikwanise kuona kuti Mwari akatisika kuti tirarame hupenyu hune zvibereko. Tinoshevedzwa kuti tirarame hupenyu hwezvibereko panyama nepamweya. (tarisai Mavambo/Genesisi 1:27-28 na Mateo 28:18-20). Zvakafanana nekurera vana vedu vekubereka kusvika vayaruka, tine chiga sevateveri vaKristu kurera vana vedu pamweya. Somuenzaniso, munhu mumwe neboka revateveri vanokura mumweya vanokwanisa, kuteverwa, kutungamirira uye kugadzirisa vamwe kuburikidza nechokwadi uye nesimba reShoko raMwari. Zvinotaririrwa zvizere neBM ivakiridzo yekuyaruka kwehupenyu nokuda kwekuberekana kunounza kuyaruka kwezvibereko zvemweya.

Nhanganyaya Dzenyaya

Chidzidzo choga choga cheBM chinotarisa nyaya dzakasiyana siyana kubva muBhaibheri. Jesu akataura nyaya achiti tsvakai madziri “zvinhu zvakavanzika kubva pakusikwa kwenyika.” (Mateo 13:34-35). Mwari vakavanza zvakavanzika munyaya dzemuBhaibheri uye Vane shuviro yokuti titsvage nekuvhura zvakavandika izvi.

Zvidzidzo zveBM nenzira dzekudzidza dzeBM dzinobatsira kuzarura izvi zvakavandika uye nekupa iwe nzira dzekuita dzekushandisa mukurarama kwako kwezvava nezuva. Apo unoshandisa chokwadi chinowanikwa muBhaibheri zvinokutungamirirawo muhukama hwakadzama muna Mwari uye zvinobereka hupenyu huzuere nerudo, rufaro uye runyararo.

Tichapa muenzaniso hwenyaya inotevera inobva muBhaibheri kuonesa mashandisirwo enzira dzedzidziso uye kuratidzira zvinoreva nyaya yemuBhaibheri iyi. Mushure mekunge wapedza Nhanganyaya YeNyaya dzemuBhaibheri uyezve nyaya yemuBhaibheri uchatungamirirwa mumibvunzo pfumbamwe ichakubatsira kuzarura chokwadi chinesimba chakavanzika munyaya iyi. Usati watanga tora kanguva kekukumbira Mwari kuti vakubatsire kutsvaka chokwadi chakavandika.

Nhanganyaya kuNyaya dzemuBhaibheri: Shamwari dzaJesu dzaive nehukama hwepedyo naMwari. Dzimwe nguva vaiona kuti Jesu aiwana nguva yake ega yekunamata kuna Mwari. Vakaona zvekare kuti Jesu nekuda kwehukama hwake naMwari aiva aine huchenjeri kupfuura vamwe vanhu ue aine samba rekuita zvishamiso. Nerimwe zuva shamwari dzaJesu dzakamubunza kuti vamudzidzise kunamata. Mukupindura zvavaive vakumbira Jesu akavapa mazwi wemunamato wakareruka achivadzidzisa kunamata. Mukupedzisa munamato Jesu akaudza shamwari dzake nyaya inotevera.

Ipapo akati kwavari “Kana mumwe wenyu ane shamwari, uye akaenda kwaari pakati pousiku akati, ‘Shamwari, ndikweretesewo zvingwa zvitatu, nokuti shamwari yangu iri parwendo yasvika kwangu, uye ini handina chandingamupa.’ Ipapo uya ari mukati akati, ‘Rega kundinetsa. Mukova wangu watopfigwa, uye vana vangu neni tavata. Handikwanisi kumuka kuti ndikupe kana chinhu.’ Ndinokuudzai, kuti kunyange asingazomuki kuti amupe chingwa nokuda kwokuti ishamwari yake, asi nokuda kwokushinga kwomunhu uyu, achamuka agomupa zvose zvaanoda. Saka ndinoti kwamuri: Kumbirai uye machapiwa, tsvakai uye muchawana; gogodzai uye muchazarurirwa mukova. Nokuti ani naani anokumbira achapiwa, tsvakai uye muchawana; gogodzai uye muchazarurirwa mukova. Ndiani pakati penyu vanababa, angati, kana mwanakomana wake amukumbira hove, omupa nyoka pachinzvimbo chehove? Kana kuti akakumbira zai, angamupa chinyavada here? Zvino kana imi, kunyange makaipa zvenyu, muchiziva kupa zvipo zvakana kavana venyu, Baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene kuna vanomukumbira!” Ruka 11:5-13

Zvino waverenga nyaya iyi tinoda zvino kuti uite zvinhano zvitatu zvinokubatsira kuona tsvakiridzo dzemuBhaibheri. Mibvunzo mitatu iyi inosanganisira imwe neimwe yenhano nhatu dzemibvunzo mipfumbamwe. Nhano yekutanga ichakubatsira KUZIVA nyaya. Nhano yechipiri ichakupatsira KUNZWISISA nyaya. Nhano yechitatu ichakubatsira KUTSVAGIRIDZA chokwadi chakavanzika munyaya. Unokwanisa kutoranguva yakareba sezvo uchifanira kuita nhano idzi mumunamato.

NHANO 1: ZIVA NYAYA – BVUNZA

Usati wagona kutsvaga zvakawanzika zvinowanikwa munyaya kana rungano rwemuBhaibheri unofanira unotanga “KUZIVA” nyaya. Nyaya dzose dzine zvinhu zvitatu zvinoenderana. Pasina zvinhu zvitatu izvi nyaya idzi hadzina kuzadzikiswa. Zvinotevera ndizvo zvinhu zvitatu zvakakosha:

1. Ndivanani **Vatambi/Vanhu** varimunyaya?
2. Ndezvipi **Zvinoitwa** nevatambi/vanhu vari munyaya?
3. Ndedzvipi **Rondedzero** dziri munyaya?

Kana ukakwanisa kunongedza mutambi, zvinoitwa uye rondedzero munyaya unokwanisa **KUZIVA** nyaya. Tirikuda kunongedza vanhu/vatambi, zvinoitwa uye rondedzero munyaya yataverenga. Tichishandisa zvinyoreso ngatitore nguva pfupi tichitsvaga zvinotevera:

- Tsvaga unongedze mutambi. Mutambi munhu. Kana uchinge wakwanisa kunongedza mutambi hazvina kunyanyokosha kunongedza mutambi mumwe chete nguva yose yaanotaurwa munyaya.
- Tsvaga unongedza chimwe nechimwe chinoitika.
- Tsvaga unongedze rondedzero dzakakosha dzinoonekwa.

Zvino tsvaga nekunongedza vatambi, zvinoitika uye rondedzero dzerungano rwemuBhaibheri urwu:

Ipapo akati kwavari “Kana mumwe wenyu ane shamwari, uye akaenda kwaari pakati pousiku akati, `Shamwari, ndikweretesewo zvingwa zvitatu, nokuti shamwari yangu iri parwendo yasvika kwangu, uye ini handina chandingamupa.’ Ipapo uya ari mukati akati, `Rega kundinetsa. Mukova wangu watopfigwa, uye vana vangu neni tavata. Handikwanisi kumuka kuti ndikupe kana chinhu.’ Ndinokuudzai, kuti kunyange asingazomuki kuti amupe chingwa nokuda kwokuti ishamwari yake, asi nokuda kwokushinga kwomunhu uyu, achamuka agomupa zvose zvaanoda. Saka ndinoti kwamuri: Kumbirai uye machapiwa, tsvakai uye muchawana; gogodzai uye muchazarurirwa mukova. Nokuti ani naani anokumbira achapiwa, tsvakai uye muchawana; gogodzai uye muchazarurirwa mukova. Ndiani pakati penyuru vanababa, angati, kana mwanakomana wake amokumbira hove, omupa nyoka pachinzvimbo chehove? Kana kuti akakumbira zai, angamupa chinyavada here? Zvino kana imi, kunyange makaipa zvenyu, muchiziva kupa zvipo zvakana kuvana venyu, Baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene kuna vanomokumbira!” (Ruka 11:5-13)

Ongorora kuti wagona kunongedza vatambi vose vari munyaya. Vanotevera vatambi vakanongedzwa munyaya.

- Jesu
- Iwe
- Shamwari yako yekutanga iri parwendo
- Vana vakarara
- Ani naani anokumbira, anotsvaga uye anogogodza
- Mwanakomana wako
- Baba Vekudenga
- Mweya Mutsvene

Zvino wave **KUZIVA** nyaya nokuti wakwanisa kunongedza vatambi, nezvavanoita uye rondedzero iri munyaya. Tora chinguva uone kuti ungakwanisa here kutaura zvakare nyaya iyi uchitaurisa kana kuti murunyararo mupfungwa dzako usina kutarisa pakanyorwa nyaya yacho. Unokurumbidza kuona kuti unokurumbidza kubata nyaya.

NHANO 2: NZWISISA NYAYA – TSVAGA

Zvino wave **KUZIVA** nyaya, wave kukwanisa kutsvaga ku **NZWISISA** zvakakosha uye zvinoreva nyaya. Nzira yakanakisa kunzwisisa zvinoreva nyaya kutarisa maitiro emutambi mumwe nemumwe. Muchinhano ichi zvakakosha “kufamba munhanano” dzemutambi mumwe nemumwe uchiedza kuzviongorora navo. Kuita izvi tinozvibvunza dzimwe nhano dzemibvunzo mitatu. Inotevera mibvunzo mitatu inoenderana nemutambi mumwe nemumwe:

1. Ndezvipi **Zvinobata** zvinosangana nemutambi woga woga?
2. Ndedzipi **Sarudzo** dzine mutambi woga woga?
3. Ndezvipi **Zvinangwa** zvesarudzo dzemutambi woga woga?

Somuenzaniso, kana ukazvipinza munhano dzemumutambi wechipiri munyaya iri pamusoro, anove lwe, ndezvipi **zvinobata** zvaunonzwa apo uchienda kumba kweshamwari yako pakati pousiku kuno kumbira chingwa? Urikuzwa kutya here? Une kutya here? Ndezvipi zvinobata zvaunonzwa?

Mushure mekunge waongorora zvinobata zvemutambi chitarisa **sarudzo** dzaikwaniswa kutorwa. Tichitarisa mutambi mumwe chete “lwe”, ndedzipi dzimwe **sarudzo** dzawaikwanisa kuita kunze kwekuenda kumba kweshamwari yako pakati peusiku? Waikwanisa kumira here kusvika kwachena? Waikwanisa here kuudza shamwari yako kuti hauna chikafu chekumupa? Tose tine sarudzo dzakasiyana mune zvinotiwana muhupenyu. Zvakaosha chaizvo kuti tiongorore sarudzo dziripo tichitarisa pasarudzo yakaitika munyaya.

Tichiongorora sarudzo dzakasiyana dzemutambi tinofanira kunzwisisa **zvinangwa** zvinoenderana nesarudzo yemutambi. Zvakare kana tichitarisa mutambi mumwe chete, kana waiva nekutya (kubatikana) nekuenda kumba kweshamwari yako pakati peusiku, asi uchikwanisa kukunda kutya nekugogodza pamusiwo weshamwari yako, **chinangwa** chako chokutora sarudzo yekugogodza pamusiwo chaive nesimba rokugona kukunda kutya here? Rwaive rudo nekunzwira shamwari yako here? Waisungirwa kuita izvi nokuda kwezvawaitarisirwa here? Ndechipi chaive **chinangwa** chesarudzo yakatorwa iyi?

Tichibvunza mibvunzo yekubatikana, sarudzo uye zvinangwa ngaikutore kusvika mu**Kuziva** nyaya. Izvi zvinotipa kugona ku**Nzwisisa** kukosha kwenyaya. Mibvunzo mitatu iyi inoofanira kubvunzwa pamutambi woga woga ari munyaya. Somuenzaniso, ndekupi kungave **kubatikana** kweshamwari yako paunogogodza musiwu wake pakati peusiku uchida chingwa? Shamwari yako angave aine **sarudzo** here yokukupa chingwa kana kwete? Zvino wongorora **zvinangwa** zvinokwanisika kuitwa neshamwari yako kukupa chingwa chawakumbira.

Apo notora nhano dzemutambi woga woga nekuzvibvunza mibvunzo mitatu inoti kubatikana, sarudzo uye zvinangwa uchaona kuti nyaya inotanga kurarama. Nguva zhinji kana tichinge tanzwa nyaya tinoongorora zvinobata, sarudzo uye zvinangwa zvevatambi tisina kuzvitarisira. Chokwadi chinorehwa nenyaya chinobuditswa kuburukidza nemibvunzo mitatu iyi. Kubudikidza nemibvunzo mitatu iyi zvinoita kuti tigone **KUNZWISISA** chokwadi chiri munyaya.

NHANO 3: TSVAGIRIDZA CHOKWADI – GOGODZA

Zvino wapfuura Nhano 1 ne 2 **KUZIVA** ne**KUNZWISISA** nyaya, zvino takutora nhano yechitatu ye**KUWANA** chokwadi chakahwandika munyaya. Rangarira, zvichienderana nerungano rwakataurwa naJesu kuti “Kumbirai uye machapiwa, tsvakai uye muchawana; gogodzai uye muchazarurirwa mukova. Munhano 1 tabvunza mibvunzo mitatu inotibatsira kuziva nyaya. Munhano 2 taive tichitsvaga kunongedza vatambi. Zvino munhano 3 tiri kuda ku**GOGODZA** pamukova waMwari tichitarisira kuvhurirwa zvakananzika zvinowanikwa munyaya iyi.

Jesu akatidzidzisa kuti zvidzidzo zvose zviri muShoko zvinokwanisa kuunganidzwa kuva mitemo miviri. Mutemo wekutanga kuda Mwari nemoyo yedu, pfungwa dzedu uye nesimba redu. Mutemo wechipiri kuda vamwe sokuda kwatinozviita. Izvi zvinoreva kuti nyaya dzose dziri muBhaibheri dzine tarisiro yekutidzidzisa kufunga nekuita zvakarurama zvinotitungamirira kuti tizive kuti tingade Mwari sei nemoyo yedu, mweya yedu uye nesimba redu, uye kuti tingade sei vamwe sokuda kwatinozviita.

Nhano yechitatu inosanganisira mibvunzo mitatu zvakare inotibatsira kuzarura zvakananzika zvinowanika munyaya dzemuBhaibheri. Mibvunzo yakareruka asi ichibatsira:

1. Ndedzipi pfungwa nezviito zvakarurama zvinowanikwa munyaya?
2. Nyaya iyi inondiudza chii pamusoro paMwari zvingandibatsire kuti ndimude zvakananyanya.
3. Nyaya iyi inondidzidzisa chii pamusoro pokuda vamwe zvirinani?

Mubvunzo weKutsvaga 1:

Apo unenge uchiongorora nyaya, ndedzipi pfungwa nezviito zvakarurama? Ichokwadi here kuti Mwari vanotishuwira kukumbira, kutsvaga uye kugogodza? Zviito izvi zvakarurama here? Ndezvipi zvimwe zviri munyaya zvinotidzidzisa kufunga nekuita zvakarurama? Tora nguva pfupi uchinyora izvi:

Mubvunzo weKutsvaga 2:

Kana uchinge wakwanisa kunongedza pfungwa nezviito zvakarurama, mubvunzo wechipiri ndewekuti “Nyaya iyi inondiudza chii pamusoro paMwari zvingandibatsire kuti ndimude zvakananyanya?” Apo unenge uchiongorora nyaya, zvinokwanisika here kuti nyaya iyi inotidzidzisa kuti tione Mwari Mwari sababa vakanaka? Ndezvipi zvimwe zvinga dzidza kubva munyaya zvinoratidza kuti Mwari vanotibatsira kuti timude nemoyo yedu, mweya yedu, pfungwa dzedi uye nesimba redu?

Mubvunzo weKutsvaga 3:

Mubvunzo wekupedzesera unoti “Nyaya iyi inondidzidzisa chii pamusoro pokuda vamwe zvirinani?” Pakuongorora nyaya, unodzisa chii pamusoro pako iwe? Ndezvipi zvaunodzidza pamusoro pezvaunoranira kuitira vamwe? Jesu akati kuda vamwe zvakaenzana nekuda kwatinozviita isu pachedu.

Pfupiso: Ukakwanisa kushandisa Mibvunzo 9 kunyaya ipi zvayo iri muBhaibheri zvinokubatsira **KUZIVA** nyaya, **KUNZWISISA** nyaya uye ku**KUTSVAGA** zvakaenzana zviri munyaya. Zvinotevera ipfupiso cheMibvunzo 9:

ZIVA NYAYA

1. **Vatambi**
2. **Zvinoitwa**
3. **Rondedzero**

NZWISISA NYAYA

4. **Zvinobata**
5. **Sarudzo**
6. **Zvinangwa**

TSVAGIRIDZA CHOKWADI

7. **Zviito nepfungwa dzakarurama**
8. **Kuda Mwari**
9. **Kuda Vamwe**

Mamiriro ari oga e

BEREKANAI MUWANDE

Paunenge uchifamba muzvidzidzo nenzira dzekudzidza BM uchaona mamiriro zvokudzidza zvisingawanikwi muzvidzidzo zveBhaibheri zvimwewo. Zvinotevera zvimiro zvina zvinokupa maonero azere anopatsanura zvidzidzo zveBM nezvimwe zvidzidzo zveBhaibheri zvimwewo uye ndezvipi zvinoita kuti zvive zvinobatsira.

1 – BM INZIRA DZEKUDZIDZA DZINOENDERANA NEBHAIBHERI

Chidzidzo chega chega chinoenderana nenyaya yemuBhaibheri. Zvidzidzo izvi hazvingori zvidzidzo zvinoenderana nezvisiri muShoko, asi kuti inyaya chaidzo uye nedzingano dzinowanikwa muBhaibheri. Apo Jesu akauya panyika kuzorarama pakati pevanhu akadzidzisa vatevedzeri vake achishandisa nyaya uye ngano. Kunyange mubhuku raMateo zvakarondedzerwa kuti nokudakwei aishandisa mifananidzo.

“Jesu akataura zvinhu izvi zvose kuvanhu nemifananidzo. Haana chaakataura kwavari asingashandisi mifananidzo. Saizvozvo zvakadziswa zvakanga zvataurwa kubudikidza nomuprofiti zvichinzi: “Ndichataura nemifananidzo ndichitaura zvinhu zvakananzika kubva pakusikwa kwenyika.” (Mateo 13:34-35)

Mundima iyi Jesu varikutipa kuoneswa kuti nokudakwei Mwari vakasarudza kutaura nesu vachishandisa nyaya uye mifananidzo. Jesu arikuti Mwari vakavanza pfungwa dzavo munyaya nemifananidzo..

Ukaongorora Bhaibheri unoona kuti zvikamu makumi manomwe kubva muzana (70%) zveBhaibheri rose zvakanadzwa nenyaya, mifananidzo uye nhaurwa. Izvi zvinoratidza pachena kuti Mwari vakazadza zviratidzo nesimba munyaya nemifananidzo. Nekuda kwaizvozvo vakagadzira chirongwa cheBM vanoshuvira kuti zvidzidzo izvi zvichangotarisa nyaya nemifananidzo kuti marongerwo acho ave anorerekerwa zvine hudzamu muShoko. Muchidzidzo chega chega cheBM uchaona kuti pane mazwi mashoma asina kutorwa kubva muBhabheiri.

Marongerwo ezvidzidzo anotarisa zvakananyanya munyaya dzemuBhaibheri nekuti dziri nyore kurangarira uye kudzitaura zvakare. Apo unenge uchitsvagiridza zvakananzika zviru muBhaibheri uchangarira zvaunowana izvi nekuti uchazvitsvaga kwazvo uye uchazviwana. Mukuwedzeredza, paunotanga kuwana zvakananzika zviru muBhaibheri zvichasvika pakuva pauri zvigova chaizvo zvaunogoverana nevamwe.

2. NZIRA DZEBM ANOENDERANA NEZVAKABVUMIRWA.

Paunodzidza nzira dzeBM uchawona kuti dzinokudzidzisa kukwanisa kubvunza mibvunzo chaiyo pakutsvaga zvakananzika zviru muBhaibheri woga. Kubudikidza nenzira iyi uchadzidziswa neMweya Mutsvene kunongedza uye kugamuchira chokwadi nekuzarurirwa kubva kuna Mwari. Tinokurudzira kuti ugovane zvaunenge wawana mukutsvaga zvinova - Vhangeri rakanaka reShoko raMwari - nevamwe. Nzira dzeBFM dzinokubvumidza:

- Kuzvifungira
- Kubvunza mibvunzo
- Kunzwisisa
- Kunzwa kubva kuna Mweya Mutsvene
- Nebvumidzo yekugoverana nevamwe

3 – NZIRA DZEBM DZINOENDERANA NEKUTSVAGA

Tinoona kuti muBhaibheri rose Mwari anoshuvira vanhu vake kuti vatsvage nekuwana chokwadi. Mwari vakaviga zvakananzika muShoko ravo kuti tigokwanisa kuzvitsvaga. Munguva dzakanyanya, kuburikidza nenzira idzodzi dzekutsvaga ndipo patinowana kuti chokwadi chine zvikuru zvachinoreva uye chinotibata isu pachedu. Zvinotevera chirevo chakareruka chinoburitsa kukosha kwekutsvaga.

- Kana UKANDIUDZA, NDINOKANGANWA
- Kana UKANDIRATIDZA, NDINORANGARIRA
- Kana NDIKAITAWO, NDINONZWISESA

Kutsvaga zvakananzika inzira inoda kuitwa nekuda. Tinofanira kuzvikumikidza munzira iyi yekutsvaga chokwadi. Imwe yenzira dzakanaka dzekutsvaga zvakananzika zvaMwari kuita neboka. Kunyangwe zvazvo uchokwanisa kudzidza nyaya nekutsvaga chokwadi mukunamata kwako, unokwanisa kudzidza nyaya neboka diki uchidzidzawo kutsvaga zvakananzika kubva kune vamwe.

4 – NZIRA DZEBM DZINOENDERANA KUTEERERA

Pane kakubatikana kanoitika kana tikakwanisa kuzarura zvakananzika muShoko raMwari asi tisingatarisiri kuburitsa chokwadi muhupenyu hwedu. Ndima inotevera inotiudza kuti tichagamuchira makomborero kubva kuna Mwari kana tikakwanisa kushandisa mitemo uye chokwado muhupenyu hwedu.

“Musangova vanzwi veshoko bedzi, uye nokudaro muchizvinyengera. Itai zvarinoreva. Ani naani anoteerera kushook asi asingaiti zvarinoreva akaita somunhu anotarira chiso chake muchionioni uye, mushure mokuzvitarira, anoenda uye nokukurumidza anokanganwa kuti anotaridzika sei. Asi munhu anonyatsotarisisa mumurayiro wakakwana uyo unopa rusununguko, uye achiramba achiita izvozvo, asingakanganwi zvaanzwa, asi achizviita, acharopafadzwa pane zvaanoita.” (Jakobho 1:22-25)

Nzira yeBM haingotarisi chete paNzira yeKuwana asi inopa zvakananzika Nzira yeKuita iri nyore. Mushure mekunge tawana chokwadi chaMwari tinofanira kutsvaga kunzwiseza kuti tinokwanisa kuchirarama sei. Tarisa zvinotaura Shoko riri muna 2 Timoti:

“Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo agadzirirwa mabasa ose akanaka.” (2 Timoti 3:16-17)

Cherechedza kuti ndima iyi inoti Shoko “rinobatsira.” Izvi zvinoreva kuti kana chokwadi cheShoko chashandiswa chinobatsira kudzidzisa, kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama. Ndimi iyi hainga zadzisi zvayo kuti Shoko ringadzidzisa, kurayira, kutsiura nekurairidza mukururama. Tinofanira kuzvipira kuti Shoko rikwanise kutidzidzisa, kutiraira, kutitsiura, kutirairidza mukururama. Munzira dzeKuwana dzeBM tinofanira kunongedza chokwadi chatinodzidziswa neShoko. Mushure mekunongedza chokwadi tinofanira kurega Shoko kuti rititsiure, nekutirairidza mukururama. Inotevera mibvunzo yatingakwanisa kurega Shoko kuti rititsiure, nekutirairidza mukururama.

KURAIRA: Kugadzirisa Hupenyu Hwako Hwekare

Zvandinofunga nekuita pamusoro paMwari zvingafananidzwa sei nezvakarurama zvinofungwa nekuitwa munyaya?

KUTSIURA: Kugadzirisa Hupenyu Hwako Hwanhasi

Ndezvipi zvandinokwanisa kuita kutsiura mafungiro nekuzviito zvangu?

KURAIRIDZA ZVAKARURAMA: Kugadzirisa Hupenyu Hwako Hwamangwana.

Ndinoita sei kana ndichinge ndasangana nezvinozere zvinganetsa mafungiro nezviito zvakarurama?

NZIRA NENHANO DZEBM



Chidzidzo choga choga chine nhano shanu uye nhano yoga yoga inoenderana nemaberekero anozoitwa muchero.



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Dingindira Rechidzidzo iri rakagadzirirwa kugadzirira ivhu remafungiro ako uye moyo wako paunotanga kutsvaga chokwadi chakapiwa naMwari chiri muBhaibheri.



NYAYA YEMUBHAIBHERI – Dyara Mbeu

Nyaya yeMuBhaibheri I mbeu iri kudyarwa mumweya ichazobuda, yotumbuka uye igokura muruzivo nechokwadi. Kubva mukuverenga nyaya iva nechokwadi kuva nenguva yekunamata, uchibvunza Mwari kuti vakuvhure pfungwa nemoyo wako kuchokwadi cheBhaibheri.



NZIRA YEKUWANA – Diridza nekuisa Mufudze

Shandisa mibvunzo 9 kudiridza nekuisa mufudze mumbeu, inova Shoko raMwari, kuti zvikubatsire kuwana chokwadi. Zviise “mutsoka” dzevatambi.

1. Ndivanani Vatambi/Vanhu varimunyaya?
2. Ndezvipi Zvinoitwa nevatambi/vanhu vari munyaya?
3. Ndedzvipi Rondedzero dziri munyaya?
4. Ndezvipi Zvinobata zvinosangana nemutambi woga woga?
5. Ndedzvipi Sarudzo dzine mutambi woga woga?
6. Ndezvipi Zvinangwa zvesarudzo dzemutambi woga woga?
7. Ndedzvipi pfungwa nezviito zvakarurama zvinowanikwa munyaya?
8. Nyaya iyi inonidudzira chii pamusoro paMwari zvingandibatsire kuti ndimude zvakanyanya.
9. Nyaya iyi inonididzidzisa chii pamusoro pokuda vamwe zvirinani?



DZIDZA MAMWE MAGWARO – Chekerera

Kudzidza Mamwe Magwaro zvakawedzerwa kuti zviatsire kudzivirira dzidziso dzenhema dzinokwanisa kubva munyaya. Verenga Magwaro kuti zviatsire kupindura mimwe mibvunzo yaungave nayo pamusoro penyay yemuBhaibheri.



MIBVUNZO NEMHEDZISO YEKUITA – Kukwohwa Muchero

Mibvunzo neMhedziso Yekuita zvinobatsira munzira yekukohwa chokwadi nekuisa chokwadi muhupenyu hwedu. Zvichienderana nepfungw nezviito zvakarurama uchawana kuti Munzira yeKuwana inopa mhinduro kune mibvunzo inotevera.

- KURAIRA: Kugadzirisa Hupenyu Hwako Hwekare
Zvandinofunga nekuita pamusoro paMwari zvingafananidzwa sei nezvakarurama zvinofungwa nekuita munyaya?
- KUTSIURA: Kugadzirisa Hupwenyu Hwako Hwanhasi
Ndezvipi zvandinokwanisa kuita kutsiura mafungiro nekuzviito zvangu?
- KURAIRIDZA ZVAKARURAMA: Kugadzirisa Hupenyu Hwako Hwamangwana.
Ndinoita sei kana ndichinge ndasangana nezvinorema zvinganetsa mafungiro nezviito zvakarurama?

Vanhu Vachataura kuna Mwari Zvavakashandisa Zvipa Zvavo



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Bhaibheri rinoti vanhu vachazvidavirira kuna Mwari izvo vakaita nezvipa zvavakapiwa na Mwari.

Shoko Guru: Saka, naizvozvo mumwe nomumwe wedu achazvidavirira kuna Mwari. (VaRoma 14:12)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – Dyara Mbeu

Nhanganyaya inotipa zvinotibatsira kuti tinzwisise nyaya.

Jesu aitura nevadzidzi vake kuburikidza nemifananidzo. Mifananidzo iyi inyaya inokwanisa kuratidzira mutemo.

Nyaya yemuBhaibheri inotangira pano.

“Zvakare, zvichaita somurume akabuda kuti afambe rwendo, akadana varanda vake akavachengetesa pfuma yake. Kuno mumwe akapa matarenda mashanu emari, uye kuno mumwe matarenda maviri, uye kuno mumwe tarenda rimwe chete, mumwe nemumwe maererano nekugona kwake. Ipapo akaenda zvake parwendo rwake. Murume akapihwa matarenda mashanu pakarepo akandoshandisa mari yake akawanazve mamwe mashanu. Saizvozvo uya aiva namatarenda maviri akawana mamwe maviri. Asi murume akanga apihwa tarenda rimwe chete akaenda akandochera gomba muvhu ndokuviga mari yatenzi vake. “Shure kwenguva refu tenzi wavaranda vaya akadzoka akagadzirisa zvemari idzi navo. Murume akanga apihwa matarenda mashanu akauya namamwe mashanu, akati, tenzi, makandipa matarenda mashanu, tarirai ndawana mamwe mashanu.” Tenzi wake akapindura akati. ‘Waita zvakanaka iwe muranda akanaka, akatendeka! Wanga wakatendeka pazvinhu zvishoma; ndichakuita mutariri wezvinhu zvizhinji. Pinda mumufaro watenzi wako!’ “Murume akanga apihwa matarenda maviri akauyawo. Akati, ‘Tenzi makandipa matarenda maviri, tarirai ndakawanazve mamwe maviri.’ “Tenzi wake akapindura akati, ‘Waita zvakanaka, iwe muranda akanaka, akatendeka! Wanga wakatendeka pazvinhu zvishoma, ndichakuita mutariri wezvinhu zvizhinji. Pinda mumufaro watenzi wako!’ “Ipapo murume akanga apihwa tarenda rimwe chete akauya, akati, ‘Tenzi, ndakaziva kuti muri munhu akaoma, munokohwa pamusina kudyara uye munounganidza pamusina kukusha mbeu. Nokudaro ndakatya ndikanocherera tarenda renyu muvhu. Tarirai pfuma yenyu iyi.’ “Tenzi wake akapindura akati, ‘Iwe muranda akaipa, anousimbe! Saka wakanga uchiziva zvako kuti ndinokohwa pandisina kudyara nokuunganidza pandisina kukusha mbeu? Zvino ungapai wakachengetesa mari yangu kuna vamabhingi kuitira kuti pakudzoka kwangu ndaizoiwana yabereka “Mutorerei tarenda iri mupe kune uyo ane matarenda gumi. Nokuti wose anazvo achapiwa zvimwe, achava nezvakawanda. Ani naani asina, kunyangwe neanazvo achazvitorerwa. Uye chikandai muranda uyo asingabatsiri kunze kurima, uko kuchava nekuchema nekurumanya kwameno.”

(Mateo25: 14-30)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(VaRoma 12:3-8; 1 Vakorinde 10:31; 2 Vakorinde 5:10; VaEfeso 4; VaFiriipi 4:14-19; Zvakazarurwa 20:11-15)



MIBVUNZO NEMHEDZISO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17) MHEDZISO

Mutemo wakakosha chaizvo wakapiwa na Jesu ndewekuti vanhu vamude nekuteerera zvaanotaura.

KUDA MWARI

CHIDZIDZO
P-2

Murayiro Wakakosha Zvikuru



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu vakarayira vateveri Vake kuita zvinhu zvakawanda. Jesu anoda kuti vanhu vose vamutevere uye vaite zvaanotaura. Chinhu chakakosha chinoitwa nevateveri vaKristu kuda Mwari uye kuteerera mashoko ake.

Chiverengwa Chinoenderana: Mumwe wavadzidzisi vomurayiro akauya akavanzwa vachitaurirana. Akaona kuti Jesu akanga avapa mhinduro yakanaka, akamubvunzva akati, “Pamirayiro yose, ndoupiko unonyanya kukosha?” Jesu akapindura akati, “Unonyanya kukosha, ndouyu: ‘Inzwa, iwe Israeri, Ishe Mwari wedu, Ishe ndiye mumwe chete. Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose uye nmweya wako wose nokufunga kwako kwose uye nesimba rako rose.’ Wechipiri ndouyu: ‘Ida wokwako sezvaunozvida iwe.’ Hakuna murayiro mukuru kupfuura iyi.” (Mako 12:28-31)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – Dyara Mbeu

Nhanganyaya inotipa zvinotibatsira kuti tinzwisise nyaya.

Jesu aiva navadzidzi Vake.

Nyaya yemuBhaibheri inotangira pano.

Jesu navadzidzi vake pavakanga vachifamba, vakasvika pano mumwe musha; mumwe mukadzi ainzi Marita akamugamuchira mumba make. Akanga ano munun’una wake ainzi Mari, uyo akagara patsoka dzaShe achiteerera kune zvaakanga achitaura. Asi Marita akatadziswa kuteerera nokuda kwokugadzirira kwose kwaifanira kuitwa. Akauya kwaari akati, “Ishe hamuna hanya here kuti munun’una wangu andisiya ndichingoshanda ndoga? Muudzei kuti andibetserewo!” Ishe akapindura akati, “Maria, Marita, uri kufunganya nokugumburwa pamusoro pezvinhu zvizhinji, asi pane chinhu chimwe chete chinodikanwa, Maria asarudza chinhu chiri nai, uye haazochitirerwi.” (Ruka10:38-42)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 22:36-37; Ruka 11:42; Jakobho 1:12; 1 Johani 2:4-5; 1 Johani 4)



MIBVUNZO NEMHEDZISO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti MHEDZISO

Murayiro wakakosha zvakanyanya wakapiwa naJesu ndowokuti vanhu vamude uye vamuteerere zvose zvaanotaura.

Hupenyu Hunobereka Michero Yakawanda



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Bhaibheri iShoko raMwari. Vateveri vose vaKristu vanoshevedzwa kuti vanzwe mashoko aMwari. Vanhu vazhinji vanonzwa mashoko aMwari, asi havadi kurarama zvarinoreva. Bhaibheri rinotiraira kuti vanhu vose vanzwe mazwi aMwari uye vararame nawo. Dhiabhoori haadi kuti vazive uye vanzwise Shoko raMwari. Dhiabhoori anoda kutorera vanhu mazwi aMwari kubva muhana dzavo. Kana tichinge tanzwa mashoko aMwari tinofanira kurarama nawo kuti hupenyu hwedu huve nezvibereko.

Chiverengwa Chinoenderana: Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu, nechiedza chenzira yangu. (Mapisarema 119:105)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – Dyara Mbeu

Nhanganyaya inotipa zvinotibatsira kuti tinzwisise nyaya.

Jesu arikutaura kuboka revanhu vazhinji. Boka revanhu ava rine vanhu vabva kunzvimbo dzakasiyana-siyana.

Nyaya yemuBhaibheri inotangira pano.

“Murimi akabuda kundokusha mbeu yake. Paakanga achikusha mbeu, imwe yakwira munzira, ikatsikwa-tsikwa uye shiri dzedenga dzikaidya. Imwe yakawira parukangarahwe, uye payakamera, yakasvava nokuti pakanga pasina unyoro. Imwe mbeu yakawira pakati peminzwa, minzwa ikakura pamwe chete nayo ikavhunga. Asi imwe mbeu yakawira pavhu rakanaka. Yakamera ikabereka zvibereko, zvakapetwa kazana pane zvakanga zvadyarwa.” Izvi ndizvo zvinoreva mufananidzo: Mbeu ndiro shoko raMwari. Dziya dzakawira munzira ndivo vava vanonzwa, ipapo dhiabhoori anouya uye agovorera shoko pamwoyo yavo, kuitira kuti varege kutenda vagoponeswa. Dziya dzakawira parukangarahwe, ndivo vava vanogamuchira shoko nomufaro kana varinzwa, asi havana mudzi. Vanongotenda kwechinguva, asi munguva dzokuedzwa vanowira pasi. Mbeu yakawira muminzwa yakamirira vava vanonzwa asi pakufamba kwavo vanovhungwa nokufunganya kwopenyu, upfumi namafaro, havazosviki pakubereka zvibereko. Asi mbeu yapavhu rakanaka inomirira vava vane mwoyo yakatendeka uye yakanaka, vanonzwa shoko, vorichengeta, uye nokuda kwokutsungirira kwavo vanobereka zvibereko. (Ruka 8:5-8, 11-15)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 119; Johani 10:27; VaFiripa 1:9-11; VaKorose 1:9-12; 1 Petro 5:8)



MIBVUNZO NEMHEDZISO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti

MHEDZISO

Kana vanhu vachinge vanzwa mazwi aMwari, vorarama nawo, hupenyu hwavo hunova nezvibereko zvakanaka. Zvakakosha chaizvo kuti vateveri vaKristu vasaregedza dhiabhoori kana kuti vateveri vezvenyika vasatora mazwi aMwari muhana dzavo.

MAITIRWO EMAPOKA EVATEVERI

KURUMBIDZA NEMUNAMATO

- Kokai Mwari kuti ave pakati pemusangano wenyu murumbidzo neminamato weboka renyu.
- Ipai nguva yekutenda nekupupura paruzhinji.

ZVIDZIDZO ZVEKUTSVAGA NEKUITA

NHANO 1 – DINGINDIRA RECHIDZIDZO

- Goverana neboka Dingindira ReChidzidzo uye Magwaro anoenderana.

NHANO 2 – NYAYA YEMUBHAIBHERI

- Goverana neboka Nhanganyaya uye Nyaya yemuBhaibheri.

NHANO 3 – NZIRA YEKUTSVAGA

- Ziva nyaya
- Nzwisisa nyaya
- Tsvaga chokwadi cheBhaibheri

NHANO 4 – MAMWE MAGWARO EKUDZIDZA

- Wongorora pfungwa nezviito zvakarurama zvinowanikwa neboka kuti ukwanise kuona kana zviri tsvagiridzo yechokwadi yemuBhaibheri.

NHANO 5 – ZVEKUITA NEMHEDZISO

Zvichienderana netsvagiridzo dzawanikwa munyaya, pindura mibvunzo inotevera. (DZIDZISO)

- KURAIRA (Hupenyu Hwako Hwekare): Zvandinofunga nekuita pamusoro paMwari zvingafananidzwa sei nezvakarurama zvinofungwa nekuitwa munyaya?
- KUTSIURA (Hupenyu Hwako Hwanhasi): Ndezvipi zvandinokwanisa kuita kutsiura mafungiro nekuzviito zvangu?
- KURAIRIDZA ZVAKARURAMA (Hupenyu Hwako Hwamangwana): Ndinoita sei kana ndichinge ndasangana nezvimorema zvinganetsa mafungiro nezviito zvakarurama?

KUGARISANA NEVAMWE MUNHARAUNDA

KUKURA MUNAKRISTU

- Bvunza boka kuti ungakwanisa sei kuisa chokwadi muhupenyu hwako kubva mumusangano wamakapedzesera kuita?

KUGOVERANA CHOKWADI NEVAMWE

- Bvunza boka kuti ndiani waungade kugoverana naye nyaya iyi kubva ikozvino kusvika pamunozosangana panguva inotevera?

ZVEKUBATSIRA

- Bvunza boka kuti mungakwanise sei kupindura kurubatsiro rwungave rwuchidiwa muboka kana munharaunda kubva pamusangano wokupedzesera?
- Bvunza boka kuti pane zvimwe zvinonetsa zvitsva here kana matambudziko ekuti vanhu vave vanoziwa angave muboka kana munharaunda medu?
- Bvunza boka kuti ringapindura sei zvinonetsa kana matambudziko matsva?

ZVIKAMU ZVAKAKOSHA

KUVAKA IMBA IYO MWARI ANOGARAMO

Zvidzidzo 52 zvekutanga zveBM zvinoshevedzwa kunzi Zvikamu Zvakakosha. Zvikamu izvi zvidzidzo zvegore rese uye zvine zvidzidzo mapoka mana ane zvidzidzo 13 paboka rezvidzidzo rimwe. Zvikamu Zvakakosha zvakaumbwa nenzira yekuvaka imba. Imwe neimwe zvikamu zvina izvi zvakapiwa zita zvichienderana nechikamu chechivakwa. Zvikamu izvi zvinoti: Musoro Wekona, Kutangisa, Chidziro uye Denga/Pfiri. Zvintevera irondedzero yechikamu chimwe chezvikamu izvi.



CHIKAMU CHEMUSORO WEKONA – Hukama Hwakawirirana

Chikamu Chemusoro Wekona chakatarisa kunyanya panyaya yekuwirirana. Chinotanga nechidzidzo chokuti Mwari vakasika zvinhu zvose sei. Chokwadi ichi chinoburitsa zvakanaka maonero atingaita Bhaibheri zvakaazara. Chidzidzo chechipiri chinoburitsa kuti vanhu vakasikwa zvakaasiyana nezvimwe zvisikwa. Takasikirwa kuti tive nehukama hwakakosha naMwari. Chidzidzo chechitatu nechechina ndechekuti munhu akanyengedzwa sei naSatani. Vanhu vokutanga havana kuteerera Mwari izvo zvakanzera kuti hukama hwavo naMwari huparare. Zvimwe zvidzidzo zvinoratidza marongerero makuru aMwari kuti atiyanyanise nekuti tidzoredzane hukama hwedu Naye.



CHIKAMU CHEKUTANGISA – Ivai munaKristu

Chikamu chechidzidzo ichi chinobata kukosha kwekuteerera mitemo yaJesu Kristu. Jesu akati “Naizvozvo munhu anonzwa mashoko angu aya, uye akaaita, akafanana nemurume akachenjera uyo akavaka imba yake paruvare” (Mateo 7:24). Chikamu cheChidzidzo CheKutangisa chinoratidza kuti tingakwanisa sei kuva nematangiro ekunzwisisa Bhaibheri tichirarama hupenyu hwekuteerera.



CHIKAMU CHECHIDZIDZO CHECHIDZIRO – Hupenyu Huzere

Chidziro chechivakwa ndicho chinooongororwa nevanhu kunze. Zvimwe chetezvo nevateveri vaKristu. Vateveri vaKristu vanomirira kana kuratidzira Mwari pasi pano. Sevamiriri vaMwari, vateveri vaKristu vanofanira kuratidzika uye kuita zvinhu nenzira inoratidza huMwari kune avo vakavakomberedza. Chidzidzo ichi chinotarisa kukosha kwemhuri yaMwari panyika pano.



CHIKAMU CHECHIDZIDZO CHEDENGA/PFIRIRO – Chokwadi Chakakosha

Chikamu chechidzidzo chekupedzisira ichi chinonganisira chokwadi cherutendo rwemuKristu. Denga/Pfiri rakagadzirwa kuvharira zvinhu zvisingadiwe mukati kunze. Chikamu Chechidzidzo CheDenga chakagadzirwa kuvharira dzidziso dzenhema kunze nekuratidzira chokwadi cherutendo rwemuKristu.



MUSORO
WEKONA



KUTANGISA



MADZIRO



DENGA
/PFIRIRO

Saka, hamuchisiri vatorwa navaeni, asi vagary pamwe chete navanhu vaMwari uye neveimba yaMwari, makavakwa panheyo dzavapostori navaprofita, naKristu Jesu pachake ari dombo rapakona. Maari imba yose yakabatanidzwa pamwe chete uye inokura kuti ive emberu tsvene muna She. Uye maari nemiwo makavakwa pamwe chete kuti muve ugaro hwaMwari muMweya. (VaEfeso 2:19-22)

KUGADZIRWA KWEBM

NOKUDA KWEI BM YAKAGADZIRWA?

Berekanai Muwande (BM) chidzidzo uye nzira yakagadzirira kubatsira vateveri vaKristu kuti vanzwisise Bhaibheri uye nekugara zvinoenderana nedzidziso dzaKristu. Kushandisa zvidzidzo nenzira dzeBM zvinotungamira vateveri vaKristu kuti vave nehupenyu huzere uye kuvabatsira kubereka hukama hwakadzama naJesu Kristu.

BM inowanikwa mundimi dzakawanda uye dzimwe dzichiri kuturikirwa nekuwedzerwa nguva dzose. Pane ndimi dziriko dzinowanikwa pa www.iBFAM.org. Kana usina kuwana rurimi rwaunoda edza kukurukura neve EHCI uchikumbira rurimi rwaunoda.

NDIANI AKAGADZIRA BM?

Every Home for Christ International (EHCI) ndivo vakagadzira uye ndivo varidzi vakazara vezvidzidzo zveBM. Zvinotevera ndiro donzvo netarisiro ye EHCI:

Every Home for Christ inovapo kubatira Muviri waKristu nekuupa uye kuunganidza vatenderi kwese kwese kuti vave vanobatsira zvazazara kutora iVhangeri yaJesu Kristu kudzimba dzose pasi rose, zvichiwezera vatenderi vatsva uye kubereka dzimwe nhengo dzeSangano kuti Kutumwa Kukurukura kuzadzikiswe.

Kubva mugore ra1946, EHCI yakwanisa kusvika kudzimba zviuru nezviuru (1.5 billion) munyika 215 neShoko Rakanaka raJesu Kristu. Nokuda kwaizvozvo vanhu vanopfuura zviuru zvezviuru vakatambira Shoko.

ZVISUNGO ZVITATU ZVISINGAKWANISWE KUSANDURWA

EHCI inoshanda nezvisungo zvitatu zvisingasandurwi. Zvinoti:

1. Kutumwa Kukurukura kunofanira kutorwa sezvazviri. Sazvino, kugoverwa kwezvinyorwa zvakaenderana, imba neimba, musha nemusha, ndiyo nzira ine chokwadi yekuti basa iri rizadzikiswe. (Mateo 28:19 naMako 16:15)
2. Pasina kubatana, kuzadzikisa basa rekuparidza iVhangeri pasi rose hazvikwanisike. Nazvoizvo mubatirana-pamwe kwemapoka anoshumira shoko kwakakosha kuzadzikisa Kutumwa Kukurukura. Parizvino mapoka anoshumira shoko anopfuura 500 atorawo chinhanho mukusvitsa shoko pasi rose. (Verenga Johani 7:21-23.)
3. Munamoto, woga, unobvisa chiri chose chitsiga chinenge chakamira munzira yekuzadzikisa Kutumwa Kukurukura. Naizvozvo, munamoto ndiwo donzvo yakakosha mukurudziro yose. Chinhanho chinotorwa nacho munamoto chinovawo chinhanho pasi rose kuti riparidzirwe.



MUSORO WEKONA

HUKAMA HWAKAGADZIRISWA

Nokuti Mwari akafadzwa nazvo kuti uzere hwake hwose hugare maari, uye kubudikidza naye ayananise kwaari zvinhu zvose, zvingava zvinhu zviri panyika kana zvinhu zviri kudenga, nokuita rugare kubudikidza neropa rake, rakateerwa pamuchinjikwa. (Vakorose 1:19-20)

Zvirimukati

Zvidzidzo

1-1 Mwari, Musiki weDenga naPasi.....	20
<i>Akasika Zvose</i>	
1-2 Kusikwa kwemunhu Kwakakosha	21
<i>Akasikirwa kuva nehukama hwakakosha naMwari neVamwe Vake</i>	
1-3 Satani Munyegeri	22
<i>Akanya Kuzoba, Kuuraya, uye Kuparadza</i>	
1-4 Adhamu naEvha Havana Kuteerera Mwari	23
<i>Zvino Takurarama Mukutukwa</i>	
1-5 Mhuri Yakasarudzwa	24
<i>Hukama Hwakakosha HwaMwari naAbhurahama</i>	
1-6 Mwari Anoedza Abhurahama	25
<i>Abhurahama Anoteerera Mwari</i>	
1-7 Kuchave Nehupenyu Mushure Mekufa	26
<i>Hupenyu Mushure Mekufa Kudenga kana kuGehena</i>	
1-8 Jesu Kristu	27
<i>Mwari Akazara uye Munhu Akazara</i>	
1-9 Hurongwa HwaMwari Hwekugadzirisana Hukama naVanhu.....	28
<i>Kutora Mutongo Wekutadza uye Kudzoredzana Hukama</i>	
1-10 Jesu Anokunda Rufu	29
<i>Kumuka Kwake Kunozadzisa Kuti Iye Ndiani</i>	
1-11 Ndingaite Sei Kuti Ndiponeswe?	30
<i>Tenda</i>	
1-12 Tingadavira Sei KuRudo RwaMwari?.....	31
<i>Tendeuka</i>	
1-13 Ndiri Shamwari YaJesu	32
<i>Ndichagara Murudo Rwake Nokuteerera Mitemo Yake</i>	

MWARI, MUSIKI WEDENGA NENYIKA

CHIDZIDZO

1-1

Akasika Zvose



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kuna Mwari mumwechete. Anoziva zvose, ane simba rose, ari kwose, uye akasika zvinhu zvose kubva pasina. Kutaura kwaMwari kwakasika nyika yose. Mwari vakasika zvose zvakanaka nokuti ndiMwari vakaisvonaka.

Chiverengwa Chinoenderana: Akaita nyika nesimba rake, akateya nheyo dzenyika nouchenjeri hwake. (Jeremia 51:15)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mwari aivapo nakare. Bhaibheri rinotaura kuti Mwari vakasika nyika nezvose zvirimairi nemazuva matanhatu. Pamazuva mashanu ekutanga Mwari vakasika chiedza, zuva, mwedzi, nyenyedzi uye denga, mvura, nenyika. Akasika zvakare zvirimwa uye mhando yezvisikwa zvinorarama mugungwa uye shiri dzedenga dziine samba rekuita zvbereko zvikafanana nadzo Mwari vakaona kuti zvisikwa zvakanga zvakanaka vakatsinhira kuti “zvakanaka.” Nyaya yedu inotangira pazuva rechitanhatu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Uye Mwari akati, “Nyika ngaibereke zvisikwa zvipenyu maererano namarudzi azvo: mombe, zvisikwa zvinokambaira panyika, nezvikara zvesango, chimwe nechimwe nemhando yacho.” Uye zvakaita saizvozvo. Mwari akaita mhuka dzesango maererano namarudzi adzo, mombe namarudzi adzo, zvisikwa zvose zvinokambaira panyika maererano namarudzi azvo. Uye Mwari akaona kuti zvakanga zvakanaka. Ipapo Mwari akati, “Ngatiitei munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu, uye ngavave nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pemombe, napamusoro penyika yose, uye napamusoro pezvisikwa zvose zvinokambaira panyika.” Saka Mwari akasika munhu nomufananidzo wake, akamusika mumufananidzo waMwari; akavasika murume nomukadzi. Mwari akavaropafadza akati kwavari, “Berekanai muwande; zadzai nyika uye mubate ushe pamusoro payo. Muve nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvisikwa zvipenyu zvinokambaira panyika.” (Genesis 1:24-28)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 33:6-9; Isaya 40:21-28; Vakorose 1:16; VaHebheru 11:3; Zvakazarurwa 4:11)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Nyika yose nezviri mairi haina kusikwa zvetsaona. Kune Musiki mumwe chete uye ndiMwari. Zvose zvakasikwa naMwari zvakanaka.

Kusikwa kwemunhu

Kwakakosha

CHIDZIDZO

1-2

Akasikirwa kuva nehukama hwakakosha naMwari nevamwe vake.



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mwari Vakasika munhu kuti ave akasiyana kwazvo nemhuka. Vanhu vakasikwa kuti vave vanoratidza huMwari. Mwari akasika munhu kuti ave nehukama hwakakosha Naye. Mwari vakasikira munhurume mubatsiri.

Chiverengwa chinoenderana: Ndinokurumbidzai nokuti ndakaitwa nomutoo unotyisa uye unoshamisa... (Mapisarema 139:140)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Bhaibheri rinotiudza kuti Mwari vakasika denga nyenika uye nazvose zvirimairi uye Mwari akazadzisa zvisikwa zvake kuti “zvakanaka.”

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jehovha Mwari akaumba munhu kubva paguruva revhu uye akafemera mweya woupenyu mumhino dzake, uye munhu akava mupenyu. Jehovha Mwari akati “Hazvina kunaka kuti munhu agare ari oga. Ndichamuitira mubatsiri akamukwanira.” Zvino Jehovha Mwari akanga aumba kubva muvhu, mhuka dzose dzesango neshiri dzose dzedenga. Akazviuyisa kumunhu kuti aone kuti achazvitumidza mazita api, uye chisikwa chipenyu chimwe nechimwe sezvachakatumidzwa nomunhu, ndiro rakava zita racho. Saka munhu akatumidza mazita kumombedzose, nokushiri dzose dzedenga nemhuka dzose dzesango. Asi kuna Adhamu kwakanga kusina kuwanikwa mubatsiri akamukwanira. Saka Jehovha Mwari akaita kuti munhu avate hope huru; uye paakanga achakavata, akatora rumwe rumbabvu rwomunhu akavhara nyenika nzwimbo yaakarubvisa. Ipapo Jehovha Mwari akaita mukadzi kubva parumbabvu rwaakanga abvisa pamunh, uye akamuuyisa kumurume. (Genesisi 2:7,18-22)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 24:1; Mapisarema 100:3; Mapisarema 139:13-16; VaRoma 8:38-39; VaEfeso 5:28,31)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Mwari vakasika zvakakosha murume nemukadzi . Vamwe chete. Vakasikirwa kuti vave nehukama pakati pavo. Vakasikirwa zvakare kuti vave vanorarama muhukama naMwari.

SATANI MUNYENGERI

Akauya Kuzoba, Kuuraya, uye Kuparadza



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Zvakaipa zviriko. Satani akaipa. Satani anovenga Mwari. Satani anovenga zvisikwa zvakanaka zvaMwari. Nokuti Satani anovenga zvisikwa zvakanaka zvaMwari, akauya panyika ari nyoka kuzoparadza hukama hwakakosha hwaivapo pakati paMwari nemunhu.

Chiverengwa chinoenderana: Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti ave noupenyu, uye ave nohwakazara. (Johani 10:10)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mwari vakaisa murume nemukadzi mubindu raive rakanaka chaizvo kuti vagaremo. Mwari vakaudza munhu vaikwanisa kudya muchero upi neupi zvayo kunze kwomumwe chete. Mwari vakati, “Wakasununguka kuti udye zvinobva pamuti upi zvawo uri mubindu; asi haufaniri kudya zvinobva pamuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa, nokuti pauchadya uchafa zvirokwasvo.” Rimwe zuva Satani akauya arinyoka akanyengedza Evha.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zvino nyoka yakanga ina manomano kupfuura mhuka dzose dzakasikwa naJehovha Mwari. Yakati kumukadzi, “Ko, chaizvoivo Mwari akati, ‘Hamufuniri kudya muti upi zvawo uri mubindu here?’”

Mukadzi akati kunyoka, “Tingadya hedu michero inobva mumiti iri mubindu, asi Mwari akati, ‘Hatifaniri kudya muchero unobva pamuti uri pakati pebindu, uye musaubata kuti murege kufa.’” Nyoka yakati kumukadzi, “Hamungafi zvirokwasvo. Nokuti Mwari anoziva kuti mukadzi meso enyu achasvinudzwa, uye muchaita saMwari mugoziva zvakanaka nezvakaipa.” Mukadzi akati aona kuti muchero womuti wakanga wakanaka kuudya uye kuti waifadza meso, uye kuti waidikanwa kuti munhu ave nouchenjeri, akatora mumwe akadya. Akapawo mumwe kumurume wake, akamga anaye, naiye akadya. Ipao Jehovha Mwari akati kumukadzi, “Chiiko ichi chawaita?” Mukadzi akati, “Nyoka yandinyengera, ndikadya.” Saka Jehovha Mwari akati kunyoka, “Nokuti waita izvi, ‘Watumwa kupfuura zvipfuwo zvose, kupfuura mhuka dzose dzesango! Uchafamba nedumbu rako uye uchadya guruva mazuva ose oupenyu hwako. Uye ndichaisa ruvengo pakati pako nomukadzi, uye pakati porudzi rwako nerwomukadza; achapwanya musoro wako, uye iwe ucharuma chitsitsinho chake.’” (Genesisi 3:1-6,13-15)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mako 1:9-13; 2 VaTeseronika 2:8-10; 1 Petro 5:8; Zvakazarurwa 12:9)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Zvishuwiro zvaSatani zvakaipa zvakanamutuma kuti ave anopikisa Mwari uye hurongwa hwaMwari. Zviito zvaSatani panyika zvakatanga nekunyengera Evha. Satani akanyengera Evha kuti asateerera Mwari. Satani anovenga munhu nehukama hwake hwakakosha naMwari.

ADHAMU NAEVHA HAVANA KUTEERERA MWARI

CHIDZIDZO

1-4

Zvino Tave Kurarama Mukutukwa



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Satani akauya akanyengedza Evha kuti asateerera Mwari. Kusateerera Mwari chitadzo. Mwari vanoranga kutadza. Mubayiro wechivi chaAdhamu naEvha waiva wokuti ukama hwavo naMwari hwakagurwa. Mubayiro wechivi kurwadziswa, kutambura uye rufu.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo, chivi sezvachakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nechivi, uye nenzira iyi rufu rwakauya kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza. (VaRoma 5:12)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Murume nemukadzi wekutanga vakasikwa naMwari vainzi Adhamu naEvha. Muti uri munyaya muti unopa ruzivo wezvakanaka nezvakaipa. Mwari akati vainkwanisa kudya muchero uri upi zvawo kunze kwemuti uyu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Mukadzi akati aona kuti muchero womuti wakanga wakanaka kuudya uye kuti waifadza meso, uye kuti waidikanwa kuti munhu ave nouchenjeri, akatora mumwe akadya. Akapawo mumwe kumurume wake, uyo akanga anaye, naiye akauya. Ipapo meso avo vose vari vaviri akasvinudzwa, uye vakaziva kuti vakanga vasina kusimira; saka vakasonanidza mashizha omuonde pamwe chete ndokuzvigadzirira nguo. Ipapo murume murume nomukadzi wake vakanzwa inzwi raJehovha Mwari paakanga achifamba mubindu kwotonhorera, vakavanda pamberi paJehovha Mwari, pakati pemiti yomubindu. Asi Jehovha Mwari akadana murume akati, “Uripiko?” Akapindura akati, “Ndanzwa inzwi renyu mubindu, uye ndatya nokuti ndanga ndisina kusimira; saka ndavanda.” Uye iye akati, “Ndiani akuudza kuti hauna kusimira? Wadya kanhi mutiwandakakurayira kuti urege kudya?” Murume akati, “Mukadzi wamakandipa kuno kuti ave neni, ndiye andipa mumwe muchero womuti, uye ini ndikadya.” Ipapo Jehovha Mwari akati kumukadzi, “Chiiko ichi chawaita?” Mukadzi akati, Nyoka yandinyengera, ndikadya.” Kumukadzi akati, “Ndichawedzera kwazvo kurwadziwa kwako mukubereka vana; uchabereka vana mukurwadziwa. Kuda kwako kuchava kumurume wako, uye achava nesimba pamusoro pako.” Kuna Adhamu akati, Nokuti wakateerera kumukadzi wako uye ukadya zvakabva pamuti wandakakurayira ndichiti, ‘Haufaniri kuudya,’ “Ivhu ratukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose eupenyu hwako. Richakubereka minzwa norukato, uye uchadya miriwo yomusango. Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako kusvikira wadzokera kuguruva, sezvo wakatorwa kwariri; nokuti uri guruva, kuguruva uchadzokera.”

(Genesisi 3:6-13, 16-19)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Isaya 59:2; VaRoma 3:23; VaRoma 6:23; Judha 1:13-15; 1 Johani 3:5)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kufungira nekusateerera Mwari kwakaparadza hukama hwemunhu naMwari. Mwari vakarurama havafariri chivi. Munhu wose akatadza. Mubairo we chivi kurwadziwa, kutambura uye rufu.

Hukama Hwakakosha HwaMwari naAbhurahama



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mubairo wechivi chaAdhamu naEvha chakatambidzwa kumunhu wose. Mwari vakaita hurongwa hwekuti vanhu vagodyidzana Naye. Mwari vakaita chvimbo nemurume wainzi Abhurahama. Mwari vakavimbisa Abhurahama kuti kuburikidza nemhuri yake vanhu vaizova nehukama naMwari.

Chiverengwa chinoenderana: Jehovha akanga ati kuna Abhurama, “Siya nyika yako, vanhu vako neimba yababa vako uende kunyika yandichakuratidza. “Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vava vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari acharopafadzwa kubudikidzwa newe.” (Genesisi 12:1-3)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Abhurahama aiva murume aiteerera Mwari pose pavaitaura naye. Mwaru vakasarudza mhuri yaAbhurahama kuti ive mhuri inokurira Satani igoropafadza vanhu vose. Abhurahama haana kuvimba kuti Mwari vaigomupa mwana nemudzimai wake chaiye. Abhurahama nemudzimai wake vakanga vasina mwana, saka Abhurahama akave nemwana nemurandakadzi wake. Mwana uyu akatumidzwa zita rokuti Ishumaeri.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Abhurama akati ava namakore makumi mapfumbamwe namapfumbamwe okuberekwa, Jehovha akazviratidza kwaari akati, “Ndini Mwari Wamasimba Ose; famba pamberi pangu uye uve wakarurama. Ndichasimbisa sungano yangu pakati pangu new uye ndichakukurisa kwazvo.” Abhurama akawira pasi nechiso chake, uye Mwari akati kwaari, “Kana ndirini, iyi ndiyo sungano newe: Uchava baba vendudzi zhinji. Hauchazonzi Abhurama; zita rako richanzi Abhurahama nokuti ndakuita baba vendudzi zhinji. Ndichakuita kuti uve nevana vazhinji; ndichaita dzudzi kubva mauri, uye madzimambo achabva pauri. Ndichasimbisa sungano yangu sesungano isingaperi pakati pangu newe uye nezvizvarwa zvako zvinotevera kumarudzi achauya, kuti ndive Mwari wako naMwari wezvizarwa zvako zvinotevera. Mwari akatiwo kuna Abhurama, “Kana ari Sarai mukadzi wako, hauchazomutizve Sarai; zita rake richanzi Sara. Ndichamuropafadza uye zvirokwazvo ndichakupa mwanakomana naye. Ndichamuropafadza kuitira kuti agozova mai vendudzi; madzimambo amarudzi achabva kwaari.” Abhurahama akawira pasi nechiso chake, akaseka uye akati mumwoyo make, “Ko mwanakomana angaberekwa nomunhu ava namakore zana okuberekwa here? Ko, Sara angabereka mwana iye ava namakore makumi pfumbamwe here?” Uye Abhurahama akati kuna Mwari, Dai hazvo Ishumaeri agara hake pamaropafadzo enyu!” Ipapo Mwari akati, “Hongu, asi mukadzi wako achakuberekera mwanakomana, uye uchamutumidza kuti Isaka. Ndichasimbisa sungano yangu sesungano isingaperi yezvizvarwa zvake zvinomutevera. (Genesisi 17:1-7, 15-19)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Genesisi 15: 1-16; Isaya 51:1-2; VaGaratia 3:16-18; VaHebhuru 11:8-12; Judha 2:23)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Hurongwa hwaMwari kudzoredza hukama hwevanhu kwaari hwakatanga naAbhurahama. Mwari vakavimbisa kuti kubudikidza kwemhuri yaAbhurahama pasi rose raizoropafadzwa. Mwari vakavimbisa kuti kuburikidza nemhuri yaAbhurahama vatadzi vaizoregererwa rimwe zuva.

Abhurahama Anoteerera Mwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Zviri zvose zvakavimbiswa naMwari kuna Abhurahama zvaizoenderana nekurarama kwalsaka. Abhurahama akaedzwa naMwari. Abhurahama akateerera mitemo yaMwari. Abhurahama akavimba naMwari kuti havanyepi

Chiverengwa Chinoenderana: Nokutenda Abhurahama, paakaedzwa naMwari, akapa Isaka sechibayiro. Iye akanga agamuchira zvikipirwa akanga obayira mwanakomana wake mumwe oga, kunyange zvazvo Mwari akanga akati kwaari, “Nokuna Isaka zvizvarwa zvako zvichazovapo.” Abhurahama akafunga iye akati Mwari aigona kumutsa vakafa, uye tichitaura nomufananidzo, akagamuchira Isaka kubva kuvakafa. (VaHebhuru 11:-19)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mazuva ekare, Mwari akatanga chibayiro cheropa kuripa zvivi. Kupira chibayiro yanga iri nzira yekutenda nekuchenesa. Zvakare yakanga iri nzira yerumbidza nayo.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo Mwari akati, “Tora mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe oga, Isaka, iye waunoda, uye uende kunyika yeMoria. Umubayire ikoko sechikipiriso chinopiswa pane rimwe gomo randichakuudza.”

Mangwanani akatevera, Abhurahama akamuka akasunga mbongoro yake. Akatora varanda vake vaviri nomwanakomana wake Isaka. Akati atema huni dzechikipiriso chinopiswa dzakakwana, akasimuka akaenda kunzvimbo yaakanga audzwa nezvayo naMwari. Pazuva rechitatu, Abhurahama akasimudza meso ake akaona nzvimbo yacho ichiri kure. Akati kuvaranda vake, “Sarai henyu pano nembongoro iyi nomukomana timboyambukira uko. Tichandonamata uye iapapo tichadzoka hedu kwamuri.” Abhurahama akatora huni dzechikipiriso chinopiswa akadziisa pana Isaka mwanakomana wake, uye iye pachake akatakura moto nebanga. Pavakanga vachifamba pamwe chete vari vaviri, Isaka akataura nababa vake Abhurahama akati, “Baba!” Abhurahama akati, “Chiiko mwanangu?” Isaka akati, “Moto nehuni zviri pano, asi gwayana rechiripiso chinopiswa riripiko?” Abhurahama akapindura akati, “Mwari pachake ndiye achapa gwayana rechiripiso chinopiswa, mwanakomana wangu.” Vakati vasvika panzvimbo yaakanga ataurirwa nezvayo naMwari, Abhurahama akavaka aritari ipapo uye akaisa huni pamusoro payo. Akasunga mwanakomana wake Isaka akamuradzika paaritari, pamusoro pehuni. Ipapo akatambanudza ruoko rwake akatora banga kuti auraye mwanakomana wake. Asi mutumwa waJehovha akadanidzira kwaari kubva kudenga akati, Abhurahama! Abhurahama!” Iye akapindura akati, “Ndiri pano hangu.” Akati, “Usaisa ruoko rwako pamukomana. Usamboita chimwe chinhu kwaari. Zvino ndava kuziva kuti unotywa Mwari, nokuti hauna kundinyima mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe woga.” Abhurahama akasimudza meso ake uye ipapo padenhereakaona gondohwe rakabatwa nenyanga dzaro. Akaendapo uye akatora gondohwe akaribaya sechikipiriso chinopiswa. (Genesisi 22:2-13)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Genesisi 22:15-18; VaRoma 4:1-24; Judha 2:21-22)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kupira Isaka somupiro kwaAbhurahama kwakaridzira kutenda kuna Mwari kwake. Abhurahama akateerera Mwari. Abhurahama paakaedzwa naMwari, akavimba nekuteerera Mwari. Kwaperama makore akawanda kubva munyaya yaAbhurahama, Mwari vakapa mupiro wakakodzera waizotsiva zvivi zvevanhu.

KUCHAVE NEHUPENYU MUSHURE MEKUFA

CHIDZIDZO

1-7

Hupenyu Mushure Mekufa Kudenga kana Gehena



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Magwaro anotidzidzisa zvehupenyu mushe. Mushure mekufa, vanhu vose vachaenda kudenga kana kugehena. Kudenga ndokuna Mwari. Kudenga kunenge kuzere nemufaro nekuti tichave naMwari. Gehena inzvimbo yekurangwa kwakaoma. Vanhu vari mugehena vakaparadzaniswa naMwari nekusingaperi. Mwari vachatonga vanhu.

Chiverengwa Chinoenderana: Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu. (VaRoma 6:23)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Bhaibheri rinoshandisa ngano kutidzidzisa chokwadi. Ngano inyaya dzine zvirevo zvakadzama. Murungano “Mwanakomana weMunhu” izita raMwari.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

“Umambo hwokudenga hunofananidzwa nomunhu akakusha mbeu yakanaka mumunda make. Asi munhu wose avete, muvengi wake akauya akakusha sawi pakati pegorosi, ndokubva aenda. Asi kuzoti gorosi ramera rikatumuka, ipapo sawi rakaonekwawo. “Varanda vomuridzi womunda vakauya kwaari vakasvikoti, ‘Ishe, hamuna kukusha mbeu yakanaka mumunda menyu here? Ko, zvino sawi rakazobvepi?’ Iye akavapindura achiti, ‘Muvengi ndiye akaita izvi.’ “Varanda vakamubvunza vakati, ‘Munoda kuti tiende kunoridzura here?’ “Akapindura akati, ‘Kwete nokuti paya pamunodzura sawi, mungazodzura pamwe chete nezviyo. Regai zvikurirane pmwe chete, tozozviona pakukohwa. Panguva iyoyo ndinozoudza vakohwi kuti: Tangai kuunganidza sawi murisunge muzvisote zvichazopiswa. Mushure mozounganidza gorosi mugoriisa mudura rangu.’ “Uyo akadyara mbeu yakanaka ndiye Mwanakomana woMunhu. Munda ndiyo nyika, uye mbeu yakanaka inomirira vana voumambo. Masawi ndiwo vanakomana vovakaipa, muvengi anodyara ndiye dhiabho. Kukohwa ndiko kuguma kwenyika, uye vakohwi ndivo vatumwa. “Sokudzurwa kunoitwa masawi achipiswa mumoto, ndizvo zvazvichaita pakuguma kwenyika. Mwanakomana woMunhu achatuma vatumwa vake uye vachadzura kubva muumambo hwake zvose zvinokonzera chivi navose vanoita zvakaipa. Vachavakanda muvira romoto umo mukuchema nekurumana kwemeno. Ipapo vakarurama vachapenya sezuva vari muumambo hwaBaba vavo. Uyo ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe.”(Mateo 13:24-30, 37-43)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 13:47-50; Mateo 25:31-46; Mako 9:47-48; Johani 14:1-3; VaFiripi 3:20; 1 VaTesaronika 4:13-18; Zvakazarurwa 20:12-15; Zvakazarurwa 21:22)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Mwari vachatonga vanhu vose mushure mekufa. Denga inzvimbi izere neupenyu nemufaro. Gehena inzvimbo izere kusuwa nemaradzo.

JESU KRISTU

CHIDZIDZO

1-8

MWARI AZERE UYE MUNHU AZERE



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

MuBhaibheri rose, Mwari vaigadzira nzira yeruponeso kuti hukama hwakaparadzwa pakati paMwari nevanhu hudzoredzanwe. Apo nguva yainge yakwana, Mwari vakatumira Mwanakomana wavo Jesu Kristu kuti adzoredze vanhu kuna Mwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo Jehovha pachake achakupai chiratidzo: Mhandara ichava nemimba uye ichabereka mwanakomana igomutumidza kuti Imanueri. (Isaya 7:14)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya. Bhaibheri rinotiudza kuti Jesu ndewe dzinza raDhavhidhi rakabva nekuna Abhurahama.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake vainge vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri mhandara, akaonekwa ava napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene. Asi nokuda kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga zvokumuramba chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji. Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi, mutumwa walshe akauya kwaari mukurota akasvikoti, “Josefa, mwana waDhavhidhi, usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene. Achava nomwana mukomana wauchatumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.” Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa nalshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti: “Mhandara ichava napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachatumidza zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, Mwari anesu.” Josefa paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa walshe, uye akatora Maria somukadzi wake, asi haana kusanga naye kusvikira azvara mwana mukomana. Akatumidza zita rokuti Jesu. (Mateo 1:18-25)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 16:13-20; Mateo 26:63-64; Ruka 1:28-35; Johane 1:1-14; Johane 3:16; VaFiripi 2:5-1; VaKorose 1:15-20; VaKorose 2:9)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu Kristu aiva Mwari azere uye munhu azere. Jesu Kristu vakatumwa kuzodzoredza hukama hwanga hwakaparara pakati paMwari navanhu.

HURONGWA HWAMWARI HWEKUGADZIRISANA HUKAMA NAVANHU

CHIDZIDZO

1-9

Kutora Kurangwa KweChitadzo Nekudzoredzana Hukama



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mwari vanoda vanhu vose. Vanhu vakasikirwa kuda Mwari nekuva nehukama naMwari. Satani akanyengedza Adhamu na Evha kuti vasateerera Mwari. Kusateerera Mwari chitadzo. Chitadzo chinoparadza hukama hwakanaka pakati paMwari nevanhu. Mwari vakavimbisa munhu kuti hukama hwakarurama pakati paMwari nevanhu huchadzoredzwa. Mwari vakavimbisa Adhamu kuti rimwe zuva mumwe achabva mumhuri make achatsika musoro waSatani. Mwari vakavimbisa kuti achakomborera pasi rose kuburikidza nemhuri yaAbhurahama. Mwari akazozadzikisa chivimbo chake apo akatumira Mwanakomana Wake Jesu Kristu.

Chiverengwa Chinoenderana: Monoona, panguva chaiyo yakafanira, pataknga tisina samba, Kristu akafira vasingadi Mwari. (VaRoma 5:6)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mwari vakatumira Mwanakomana wake mumwe oga. Zita rake ainzi Jesu Kristu. Kuberekwa kwake chaiva chishamiso. Aiva Mwari uye ari munhu. Akararama akakura asina kana kutadza. Akaita zvishamiso zvakananda uye akadzidzisa chokwadi chakananda chine ungaro. Vakuru vechitendero havana kufarira Jesu uye vakasuwira kumuuraya. Mutongi mukuru wehurumende akamubvunzurudza akaona kuti hapana mhosva yaive nayo. Kufadza vanhu, mutungamiriri mukuru wehurumende akatendera kuti vanhu vatake Jesu nekumurovera pamuchinjikwa. Muchinjikwa waiva mudziyo wekutambudzwa. Mwari vakati izvi zvakaiteirwa nokuda kwekutadza kwedu kuti Jesu aizoroverwa nekuraiwa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo varwi vomubati vakatora Jesu vakaenda naye mumuzinda womubati uye vakaunganidza hondo yose paari. Vakamubvisa nguo dzake vakamupfekedza nguo tsvuku. Vakaruka korona yeminzwa vakaisa pamusoro wake. Vakamubatisa mudonzvo muruoko rwake rworudyi vakapfugama amberi pake uye vakamuseka vachiti, “Kwaziwai Mabo wavaJudha!” Vakamusvipira mate vakamutorera tsvimbo iya uye vakaramba vachimurova nayo musoro. Shure kwokumuseka, vakamupfekedza nguo dzake chaidzo uye vakaenda naye kunomurovera pamuchinjikwa. Vakati vobuda, vakasanga nomurume aibva kuSairini ainzi Simoni, uye vakamumanikidza kuti atakure muchinjikwa. Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya.) Ipapo vakapa Jesu waini yainge yakasanganiswa nenduru, kuti anwe, asi akati airavira akaramba kuinwa. Vakati vamurovera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. Uye vakagara pasi, vakamurinda. Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: UYU NDIJESU MAMBO WAVAJUDHA.” Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake. (Mateo 27:27-38, 45, 50)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Isaya 53:5-6; Mako 10:45; Johane 1:29; VaEfeso 1:7; 1 Timoti 1:15; 1 Pita 2:24)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kufa kwaJesu Kristu pamuchinjikwa kwakavhurira vanhu vose nzira yekuve nehukama hwakakosha naMwari. Jesu vakaripira zvakananda zvivi zvedu. Jesu Kristu vakave chiripo chimwe chete chakapirwa kuripira zvivi zvedu. Jesu Kristu vakatora chinzvimbo chedu. Hatina kugamuchira chipo chakakosha ichi. Takawana nokuti Iye anoda vanhu vose. Avo vanotenda muna Jesu vachigamuchira chipo chakapiwa n Jesu Kristu vanova nehukama naMwari.

JESU ANOKUNDA RUFU

CHIDZIDZO

1-10

Kumuka Kwake Muvakafa Kwakataridza Kuti Iye Ndiani



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Nguva yaaiva panyika, Jesu akati achafira zvitadzo zvedu uye achamuka kubva kuvafi. Jesu Kristu akafa pamuchinjikwa akamuka kubva kuvafi. Jesu paakamuka kuvafi, zvakaradidza kuti iye NdiMwari pache zvake. Zvose zvaakataura nekudzidzisa zvaiva chokwadi.

Chiverengwa chinoenderana. Nokuti zvakagamuchira sezvinokosha pakutanga ndizvo zvakakupaiwo: kuti Kristu akafira zvivi zvedu sezvazvakanyorwa muMagwaro, kuti kavigwa, akamutsa pazuva rechitatu sezvazvakanyorwa muMagwaro.



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mushure mekufa kwaJesu pamuchinjikwa dzimwe dzemadzishamwari vakatora mutumbi wake.

Vakamuviga muguva. Mumiriri wehurumende akapa murairo kuti dombo guru riiswe pamukova wegiva.

Mauto vakarinda guva kuti vadzivirire vanhu kuba mutumbi waJesu. Mushure memazuva matatu afa, madzimai maviri vakaenda kuguva. Vakaona zidombo rakungurutsa uye ngirozi yakagara pamusoro.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyoakarovererwa pamuchinjikwa. Haapo pano; amuka sokutaura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete. Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti afanotungamira kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.” Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake. (Mateo 28:5-8)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

Mabasa aVapostori 2:22-24; VaRoma 1:3-4; VaRoma 8:33-34; 1 VaKorinde 15:12-22; 1 Pita 1:3)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akamuka kubva kuvafi. Rufu haruna kutadzisa Jesu nokuti iye ndiMwari. Ndiye chibairo chakanatswa chakapirwa kuripa zvivi. Jesu Kristu ndiMwari weupenyu. Jesu Kristu vakaratidza kuti vaisangova mudzidzisi akanaka kana muprofiti. Jesu Kristu vakaratidza kuti vane masimba ose uye nekutonga. Jesu Kristu vakaratidza kuti ndivo Ishe wenyika.

NDINGAITASEI KUTI NDIPONESWE

CHIDZIDZO

1-11

TENDA



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akafa akamuka kubva kuvafi kuti vanhu vose vave nehupenyu. Vanhu vose vanokokwa kuti vave nekutenda muna Jesu Kristu nekutendera kuti lye ndiye Mwanakomana waMwari. Vanhu vose vanokwanisa kuponeswa kubva muzvivi kana vachinge vatenda muna Jesu nekupupura nemiromo yavo kuti Ndiye Mwari. Vanhu vose vane sarudzo yekutenda muna Mwari vagooneswa kana kurambwa Naye. Mwari vanoshuvira kuti vanhu vose vaponeswe.

Chiverengwa Chinoenderana: Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa as ave noupenyu husingaperi. Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye. (Johane 3:16-17)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mushure mekunge Jesu amuka kuvafi akazviratidza kuvadzidzisi vake. Mumwe wevadzidzisi vaJesu ainzi Tomas aiva asipo. Akanga asina kuona Jesu kubva pakumuka kwake. Kutendera kune chokwadi kuzvinhu usina kuona ndiko kunonzi kutenda.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zvino Tomas (ainzi Dhidhimo), mumwe wavane gumi navaviri, akanga asiri pana vamwevadzidzi, Jesu paakuya. Saka vamwe vadzidzi vakamuudza vakati kwaari, “Taona Ishe!” Asi iye akati kwavari, “Kunze kwokunge ndaona mavanga ezvipikiri mumaoko ake uyendikaisa munwe wangu pakanga paine zvipikiri, uye ndikaisa ruoko rwangu parutivi rwake, handingatendi.” Vhiki yakati yapera, vadzidzivate vake vakanga vari mumba zvakare, uye Tomasi akanga anavo. Kunyange hazvo mikova yakanga yakapfigwa, Jesu akauya akamira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve kwamuri!” Ipapo akati kuna Tomas, “Isa munwe wako pano; ona maoko angu. Tambanudzwa ruoko rwako uise parutivi rwangu. Rega kukahadzika uye utende.” Tomasi akati kwaari, “Ishe wangu naMwari wangu!” Ipapo Jesu akati kwaari, “Nokuda kwokuti wandiona, zvino watenda; vakaropafadzwa avo vasina kuona asi vachitenda.” Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iri. Asi izvi zvakanorwa kuti mugotenda kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari, uye kuti kana mukatenda muve noupenyu muzita rake. (Johane 20:24-31)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Johane 3:16-21; Mabasa AvaPostori 16:25-31; VaRoma 6:23 VaRoma 10:9-10; VaGaratiya 2:20; VaGaratiya 3; VaEfeso 2:8-9; VaHebhuru 11)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu Kristu akatongerwa zvivi zvedu. Magwaro anotaura kuti vanhu vachave neupenyu husingaperi kana vakatenda kuti Mwari vakamumutsa kubva kuvafi. Hazvigoneki kuva vaKristu vasina kutenda. Kutenda kutendera nekuvimba muna Jesu Kristu kunyangwe zvazvo tisingamuoni. Kutenda kutendera kuti Jesu Kristu akamuka kuvafi kuripirra zvivi zvedu.

Tingadavira Sei KuRudo RwaMwari?

CHIDZIDZO

1-12

Tendeuka



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kutendeuka kushandura moyo nemafungiro. Kutendeuka kunosanganisira kufunga nekuita zvakasiyana kuchivi naMwari. Kutendeuka zvinoreva kuvenga chivi sokuvenga kwachinoitwa naMwari. Kutendeuka kunounza kusanduka kubva kumaitiro akaipa.

Chiverengwa Chinoenderana: Mwari akarega hake kurangarira nguva dzakare dzokusaziva kwakadai, asi zvino anorayira vanhu vose kwose kwose kuti vatendeuke. (Mabasa AvaPostori 17:30)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu aiva mudzidzisi mukuru uye aifamba achita zvishamiso nekuponesa avo vaiva mukushaya. Kwose kwaiendwa na Jesu kwaiva navanhu vazhinji.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jesu akapinda Jeriko uye akanga achipfuura nomo. Maiva nomurume ainzi Zakeo; akanga ari mukuru wavateresi uye akanga akapfuma kwazvo. Akauya achida kuona Jesu kuti ndiani, asi nokuda kwokuti akanga ari mupfupi, akatadza kuona nokuda kwanhu vazhinji. Nokudaro akamhanyira mberi akandokwira mumuti womuonde kuti amuone, sezvo Jesu akanga achienda naipapo. Jesu akati asvika panzvimbo iyoyo, akatarisa kumusoro ndokuti kwaari, “Zakeo, buruka nokukurumidza. Ndinofanira kundogara mumba mako nhasi.” Saka akakurumidza kuburuka akamugamuchira nomufaro. Vanhu vose vakaona izvi vakatanga kugununa vachiti, “Aenda kundova mueni wo’mutadzi.” Asi Zakeo akasimuka akamira pamberi paShe akati, Tarirai Ishe! Pano, uye iye zvino, ndinopa hafu yepfuma yangu kuvarombo, uye kana ndakanyera ani zvake pachinhu chipi zvacho, ndichadzorerera zvava zvina.” Jesu akati kwaari, Nhasi ruponeso rwasvika mumba muno, nokuti murume uyu mwanakomanawo waAbhurahama. Nokuti Mwanakomana woMunhu akauya kunotsvaka nokuponesa chakarasi.” (Ruka19:1-10)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 3:2; Mateo 4:17; Mako 1:15; Ruka 5:32; Ruka 13:15; Mabasa AvaPostori 2:31-41; Mabasa AvaPostori 3:19-20)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kutenda kwedu kuna Jesu Kristu kunotiunzira kutendeuka, Kana tandeuka, moyo yedu nepfungwa dzedu zvinosanduka. Kana moyo nepfungwa dzedu zvasanduka, zvakaipa zvose zvinosanduka zvakare. Avo vanotenda nekuvimba muna Jesu vanorarama zvakasiyana nemararamiro avamwe vasingatendi nekuvimba naJesu vakapoterredza.

Ndichagara Murudo Rwake Nokuteerera Mitemo Yake



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Sevateveri vaKristu tiri shamwari dzaMwari. Shamwari dzaMwari munzira yakakosha. Shamari dzaMwari dzaanoda uye dzinodawo vamwe. Shamwari dzaMwari dzinovimba nekuteerera mirayiro yake.

Chiverengwa Chinoenderana: Makwai angu anonzwa inzwi rangu; ini ndinoaziva, uye anonditevera. (Johane 10:27)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu arikutaura kuvadzidzi vake achivaraira. Baba vaanoreva nezvavo ndi Mwari Baba.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Firipi akati, “Ishe, tiratidzei Baba kuti zvigotiringana” Jesu akapindura akati, “Firipi, haundizivi iwe here, kunyange ndanga ndiri pakati penyu kwenguva refu yakadai? Ani naani aona ini aona Baba. Unoreva seiko zvaunoti, ‘Tiratidzei Baba’ “Sezvo Baba vakandida, neni ndakakudaiwo, zvino, chigarai murudo rwangu. Kana muchiteerera mirayiro yangu, muchagara murudo rwangu, sezvandakateerera mirayiro yaBaba vangu uye ndikagara murudo rwavo. Ndakuudzai izvi kuitira kuti mufaro wangu uve mamuri uye kuti mufaro wenyu uve wakakwana. Murayiro wangu ndouyu: Dananai, sezvo ini ndakakudai. Dananai sezvo ini ndakakudai. Hakuna munhu ano rudo rukuru kuno urwu, kuti munhu ape upenyu hwake nokuda kweshamwari dzake. Muri shamwari dzangu kana muchiita zvandinokurayirai. Handichakuidzii varanda, nokuti muranda haazivi zvinoitwa natenzi wake. Asi ndinokuidzai shamwari, nokuti zvose zvandakadzidza kubva kuna Baba vangu ndakakuzivisai. (Johane 14:8-9; 15:9-15)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 7:16-20; Johane 14:15-23; VaKorose 1:10; Petro 1:3-8; 1 Johane 5:1-5)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Sevateveri vaKristo, tiri shamwari dzaMwari. Seshamwari dzaMwari, takashevedzwa kuteerera izwi raMwari uye kuriteerera. Seshamwari dzaMwari, takashevedzwa kuda vamwe nenzira iyo Jesu anotida.



MATANGIRO

GARAI MUNA KRISTU

Garai mandiri, uye ini ndichagara mamuri. Hakuna davi rinobereka michero riri roga; rinofanira kugara mumuzambiringa. Nemi hamungabereki zvibereko kunze kwokunge magara mandiri. (Johane 15:4)

ZVIRIMUKATI

Zvidzidzo

2-1 Bhabhatidzwai.....	34
<i>Tendai muna Mwari</i>	
2-2 TIRI CHIEDZA CHENYIKA.....	35
<i>Udza Nyika Kuti Jesu Ndiani</i>	
2-3 IVAI NEHUKAMA HWAKANAKA NAVAMWE.....	36
<i>Musatarise Vamwe Muruchiva</i>	
2-4 MUSAITE CHOUPOMBWE.....	37
<i>Musatarise Vamwe Muruchiva</i>	
2-5 MUCHATO WAKAKOSHA KUNA MWARI.....	38
<i>Mwari Haafariri Kurambana</i>	
2-6 DAIRAI MUNE ZVISAKARURAMA.....	39
<i>Kurarama Muenzaniso Werudo</i>	
2-7 Idai Vavengi Venyu.....	40
<i>Mwari Vanoda Vanhu Vose</i>	
2-8 Ipawo Kune Vamwe.....	41
<i>Mwari Vanoda Avo Varimukutambudzika</i>	
2-9 Munamoto.....	42
<i>Kutaura Nekuteerera Mwari</i>	
2-10 Chengetedzai Upfumi Hwenyu Kudenga.....	43
<i>Chengetedzai Upfumi Hwenyu Kudenga</i>	
2-11 Musafunganya	44
<i>Mwari Vanoziva Nekuzadzikisa Zvamunoshuwira</i>	
2-12 Musatonge Vamwe.....	45
<i>Mwari Ndiye Mutongi</i>	
2-13 Kumbirai, Tsvakai, Gogodzai.....	46
<i>Mwari Vanodavira Minamoto Yevasinganeti</i>	

Bhabhatidzwai

Tendai muna Mwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kubhabhatidzwa nemvura murayiro waMwari. Bhaibheri rinotiudza kuti mushure mekugamuchira Kristu, tinofanira kubhabhatidzwa. Kubhabhatidzwa kunyikwa mumvura nekubuditswa kwevatenderi vatsva. Kubhabhatidzwa mufananidzo wekuberekwa patsva mumweya kunoitwa kana tichinge tave maKristu.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene... (Mateo 28:19)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Firipi aiva mudzidzi waKristu akaparidza Shoko Rakanaka rehumambo hwaMwari.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Firipi akaburuka akaenda kuguta raiva muSamaria akaparidza Kristu ikoko. Vanhu vazhinji vakati vanzwa Firipi uye vakaona zviratidzo zvaakaita, vose vakanyatsoteerera kune zvaaitaura. Nokuti, mweya yetsvina yakabuda muvanhu ichidanidzira nenzwi guru, uye vazhinji vakanga vakaoma mitezo navakanga vakaremara vakaporeswa. Nokudaro kwakava nomufaro mukuru muguta iro. Zvino kwechinguva mumwe murume ainzi Simoni akanga aita un'anga muguta uye akashamisa vanhu vose veSamaria. Aizvirumbidza achiti iye akanga ari munhu mukuru, uye vanhu vose kubva kuna vakakwirira kusvikira kuna vari pasi pasi, vaimuteerera vachiti, "Munhu uyu ndiye simba Guru raMwari." Vaimutevera nokuti akanga avashamisa kwenguva refu namashiripiti ake. Asi vakati vatenda Firipi sezvo aiparidza vhangeri roumambo hwaMwari nezita raJesu Kristu, vakabhabhatidzwa, vose varume navakadzi. Simoni pachake akatenda uye akabhabhatidzwa. Uye akatevera Firipi kwose kwose, achikatyamadzwa nezviratidzo zvikuru zvaakaona. (Mabasa AvaPostori 8:5-13)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mabasa AvaPostori 2:38; Mabasa AvaPostori 18:8; VaRoma 6:4-5; VaGaratia 3:27; VaKorose 2:12)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Bhaibheri rinoti VaKristu ngavabhabhatidzwe. Kubhabhatidzwa nemvura mufananidzo wezvinoitika muhana dzedu kana tichinge tagamuchira Jesu saMambo neMuponesi wedu. Bhabhatidzo kupupura kune vamwe kuti tave vateveri vaJesu Kristu.

TIRI CHIEDZA CHENYIKA

Udza Nyika Kuti Jesu Ndiani



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

MuKristu munhu anotevera Jesu Kristu. Magwaro anotiudza kuti MuKristu kuti ave chiedza chenyika nekuratidza nyika kuti Jesu ndiani.

Chiverengwa Chinotevera: Imi muri chiedza chenyika. Guta riri pamusoro pegomo haringavanziki. Uye vanhu havangatungidzi mwenje vaguisa pasi pedengu. Asi kutoti vanuisa pachigadziko kuti uvhenekere vose vari mumba. Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenye ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga. (Mateo 5:14-16)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu aive agere pastime. Mumwe mukadzi akauya kuzochera mvura. Jesu akakumbira mukadzi uyu mvura yekunwa. Jesu akaudza mukadzi uyu kuti iye aive mvura inorarama youpenyu husingapere. Jesu akazviratidza kumukadzi uyu kuti aive Mwari. Mukadzi uyu akakahadzika nemashoko akataurwa naJesu akatenda kune zvose zvzkataurwa naJesu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo, asiya chirongo chake, mukadzi akadzokera kuguta akandoti kuvanhu, “Uyai, muone murume anditaurira zvinhu zvose zvakaita. Kuti uyu angave angava iye Kristu here?” VaSamaria vazvinji vaibva muguta iro vakatenda kwaari nokuda kwouchapupu hwomukadzi hwokuti, “Akanditaurira zvosezvandakaita.” Saka vaSamaria vakasvika kwaari, vakamukumbira kuti agare navo, nokudaro akagarapo kwamazuva maviri. Uye nokuda kwamashoko ake vamwezve vazhinji vakava vatendi. Ivo vakati kumukadzi uya, “Hatichatongotendi nokuda kwezvawataura chete; uye zvino tazvinzwa pachedu, uye tinoziva kuti murume uyu chokwadi ndiye Muponesi wenyika.” (Johane 4:28-30, 39-42)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mako 16:15-16; Ruka 11:33-36; Mabasa 1:8)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu ndiye Chiedza chechokwadi uye Muponesi wenyika. Jesu akaudza vateveri vake kuti vave chiedza kunyika kuti vanhu vaone kuti iye ndiye ani.

IVAI NEHUKAMA HWAKANAKA NAVAMWE

CHIDZIDZO

2-3

Regereri Avo Vanokutadzirai



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akarayira vadzidzi vake kuti vagare murunyararo nevamwe. MaKristu vakarayirwa kuti vave netsiye nyoro kuvamwe vanhu vachiregerera avo vanovatadzira. Kugara murunyararo nevamwe kuwedzera kuregerera avo vanotitadzira nekuti kuvadza.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo kana wada kupa chipo chako paatari, ukayeuka pakarepo kuti wakatadzira hama yako, siya chipo chako pamberi pearitari. Tanga waenda undoyanana nehama yako, wozouya wopa chipo chako. (Mateo 5:23-24)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mumwe wavadzidzi vaJesus akabvunza Jesu kuti angaregerera kangani avo vanovatadzira. Jesu akavaudza nyaya.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

“Naizvozvo, umambo hwokudenga hwakafanana namambo aida kuripirwa zvikereti zvakenavaranda vake. Paakatanga kuzviongorora, murume ainge aine chikwereti chamatarenda zviuru gumi akauyiswa kwaari. Sezvo ainge asingakwanisi kuripa chikwereti ichi, tenzi wake akaronga kuti iye nomudzimai wake, navana vake nezvose zvaaiva nazvo zvitengeswe kuti zviripe chikwereti. Muranda uya akazviwisira pamberi patenzi wake akamukumbira zvikuru achiti, ‘Ndiitireiwo mwoyo murefu, ndicharipa hangu zvose.’ Tenzi womuranda uya akamunzwira tsitsi, ndokubva adzima chikwereti chose chiya, uye akamuregedza achienda zvake. “Asi muranda uya paakabuda, akasangana nomumwewo muranda saiye ainge aine chikwereti chake chamadhenari zana. Akamubata ndokutanga kumudzipa. Akati, ‘Ndipe chikwereti changu!’ “Muranda uya saiye akapfugama ndokumukumbira zvikuru achiti, ‘Ndiitirewo mwoyo murefu, ndichakupa chikwereti chako.’ “Asi akaramba. Pamusoro pezvo akamusungisa uye akaita kuti aiswe mutorongu kusvikira aripa chikwereti chose. Vamwe varanda vakati vaona zvakanga zvaitika, zvakavatambudza zvikuru ndokubva vanoudza tenzi wavo zvose zvakanga zvaitika. “Tenzi akadana muranda uya akati, ‘Iwe muranda akaipa. Ndakadzima chikwereti change chawaiva nacho nokuti wakandikumbira zvikuru. Saka hawaifanira here kuva netsitsi kuno mumwe wako sezvandakakuitira iwe?’ Nehasha tenzi wake akamuisa kune vejeri kuti arangwe zvinorwadza kusvikira aripa chikwereti chose chaaiva nacho. “Izvi ndizvo zvichaitirwa mumwe nomumwe wenyu naBaba vangu vari kudenga kana musingaregereri hama yenyu nomwoyo wose.” (Mateo 18:23-35)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 6:14; Mako 11:25-26; Ruka 17:3-4; 2VaKorinde 2:5-11; VaEfeso 4:32; VaKorose 3:12-14)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Vateveri vaKristu vanoshevedza kuregerera vamwe sokuregerera kwatakaitwa naMWari. Vateveri vaKristu vakarayirwa kurarama murunyararo nevamwe vavanogara navo.

MUSAITE CHOUPOMBWE

Musatarise Vamwe Muruchiva



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akarayira vadzidzi vake kuti vasaita choupombwe. Jesu akadzidzisa kuti tisatarisa vamwe vanhu neruchiva.

Chiverengwa Chinoenderana: Makanzwa zvichinzi, 'Usaita upombwe.' Asi ini ndinoti kamuri ani naani anotarisa anotarisa mukadzi neziso roruchiva atoita upombwe naye mumwoyo make. (Mateo 5:27-28)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Dhavidhi aiva mambo aiva nemukurumbira mulziraeri. Dhavidhi akaona mukadzi aigeza akamuchiva. Mukadzi uyu aiva wemukuru wemauto aDhavidhi. Murume wemukadzi uyu ainzi Uriya weHatite. Dhavidhi akatuma muranda wake kundoshevedza mudzimai uyu. Dhavidhi akaitisa mukadzi uyu pamuviri. Dhavidhi akatuma Uriya kuhondo, Uriya akaurayiwa kuhondo. Izvi hazvina kufadza Mwari. Mwari vakatumira muprofito ainzi Natani kuna Dhavidhi.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jehovha akatuma Natani kuna Dhavidhi. Paakasvika kwaari, akataura akati, "Pakanga pana varume vaviri mune rimwe guta., mumwe kanga akapfuma mumwe ari murombo. Mupfumi uyu akanga ana makwai mazhinji kwazvo uye nemombe zhinji, asi murombo akanga asina chinhu kusara kwegwayana rimwe chete raakanga atenga. Akarirera, rikakura naye navana vake. Raidya pamwe chete naye, richinwira pamukombe waayinira, uye richirara pamaoko ake. Rakanga rakaita somwanasikana kwaari. "Zvino muenzi aipfuura hake akasvika kumupfumi uya, asi mupfumi uyu haana kuda kubata rimwe remakwai ake kana mombe kuti agadzirire zvokudya mupfuuri uyu akanga asvika kwaari. Asi iye akatora gwayana romurombo akarigadzirira uya akanga asvika kwaari." Dhavidhi akatsamwira munhu uyu zvikuru kwazvo akati kuna Natani, "Chokwadi naJehovha mupenyu, munhu akaita zvinhu zvakadai anofanira kufa! Anofanira kuripira gwayana iri kakapetwa runa pamusoro, nokuti akaita zvinhu zvakadai uye akasava netsitsi. Ipapo Natani akati kuna Dhavidhi, "Ndimi munhu uyo! Zvanzi naJehovha, Mwari welsraeri, 'Ndakakuzodza kuti uve mambo welsraeri, uye ndakanunura kubva paruoko rwaSauro. Ndakapa kwauri imba yatenzi wako, uye vakadzi vatenzi wako ndakavaisa mumaoko ako. Nadakakupa imba yalsraeri neyaJudha. Uye dai zvose izvi zvakava zvisvoma, ndaidai ndakakupa zvimwezve. Ko, wakazvidzirei shoko raJehovha nokuita zvisakarurama pamberi pake? Wakauraya Uriya muHiti nomunondo uye ukatora mukadzi wakeukamuita wako. Wakamuuraya nomunondo wavaAmoni.(2 Samueri 12:1-9)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(EkiSodho 20:14; Zvirevo 6:32; 1 VaKorinde 6:13-20; VaEfeso 5:3-5; VaKorose 3:1-11; Tesaronika 4:3-8; VaHebhuru 13:4)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Upombwe kusava nekuvimbika muhukama hwe vakaroorana. Upombwe chivi mumaziso aMwari. Jesu akarayira vateveri vake kuti vasave vanoita upombwe. Jesu akadzidzisa kuti kufunga zvisakarurama zvakafanana nekuita upombwe.

MUCHATO WAKAKOSHA KUNA MWARI

CHIDZIDZO

2-5

Mwari Haafariri Kurambana



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa kuti muchato unoyera uye wakakosha kuna Mwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Asi ndinokuudzai kuti ani naani anoramba mukadzi wake kunze kwemhosva yokusatendeka muwaniso anomuitisa upombwe, uye ani naani anowana mukadzi akarambwa anoita upombwe. (Mateo 5:32)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Vanhu vazhinji vaitevera Jesu nokuti airapa nekudzidzisa vanhu. VaFarisi vaiuyawo kwaari vachibvunzawo mibvunzo yakawanda. VaFarisi vaiva vakuru muchitendero chechi Judha. VaFarisi vaitevera mitemo yechitendero yakawanda yaive yakapihwa kuna Mozisi naMwari. Mozisi aive murume akatungamirira vanhu velsraeri makore akawanda zvikuru Jesu asati aberekwa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Vamwe vaFarisi vakauya kwaari kuzomuedza. Vakamubvunza vachiti, “Zviri pamutemo here kuti murume arambe mukadzi wake nokuda kwechikonzero chipi nechipi zvacho?” Akavapindura achiti, “Hamuna kuverenga here kuti kubva pakutanga Musiki akavaita munhurume nomunhukadzi, akati, ‘Nokuda kwaizvozvo murume achasiya baba namai vake agobatanidzwa nomukadzi wake, vaviri ava vachava nyama imwe chete?’ Saka havachisiri vaviri asi mumwe chete. Naizvozvo chabatanidzwa naMwari pamwe chete, hapana munhu anofanira kuchiparadzanisa.” Vakabvunzazve vachiti, “Sei Mozisi akarayira kuti murume ape mukadzi wake rugwaro rwokumuramba obva amuendesa?” Jesu akapindura achiti, “Mozisi akakubvumirai kuramba vakadzi venyu nokuda kwoukukutu hwemwoyo yenyu. Asi zvainge zvisina kudaro kubva pakutanga. Ndinokuudzai kuti ani naani anoramba mukadzi wake, kunze chete nokuda kwoupombwe, akazowana mumwe mukadzi, atoita upombwe.” (Mateo 19:3-9)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Genesisi 2:20-24; 1 VaKorinde 7; VaEfeso 5: 21-28)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Muchato wakasikwa naMwari. Unoyera kuna Mwari. Vateveri vaKristu vanofanira kuita zvose zvinokwanisika kuchengetedza michato.

DAIRAI MUNE

ZVISAKARURAMA

CHIDZIDZO

2-6

Kurarama Muenzaniso Werudo



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kusadaira mune zvakasarurama. Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vasatsiva vanhu vanoita zvakaipa kwavari. Jesu akati vaKristu vanofanira kuva muenzaniso inorarama yerudo nemutsa kuvanhu vose.

Chiverengwa Chinoenderana: Asi ndinokuudzai kuti, 'Musadzivisa munhu akaipa. Kana munhu akakurova padama rorudyi, murinzire roruboshwewo. Kana munhu akakukwirira kumatare achida kukutorera nguo yako, rega atorewo nejasi rako. Kana munhu akakumanikidza kufamba mutunhu mumwe chete, famba namiviri. (Mateo 5:39-41)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Judhasi aiva mumwe wevadzidzi vaJesu. Vatungamiri vezvitendero vaida kuuraya Jesu. Judhasi akatengesa Jesu nekuda mari. Munyaya iyi, Jesu aitura kuvadzidzi vake vose kunze kwaJudhasi. Jesu waiziva kuti Judhasi waizomutengesa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Achiri kutaura, vanhu vazhinji vakasvika, uye uya ainzi Judhasi, mumwe wavane gumi navaviri, akanga achivatungamirira. Akaswederwa kuna Jesu kuti amutsvode, asi Jesu akamubvunza akati, "Judhasi, uri kupandukira Mwanakomana woMunhu nokutsvoda here?" Vateveri vaJesu vakati vaona zvakanga zvoda kuitika vakati, "Ishe tivabaye neminondo yedu here?" Uye mumwe wavo akatema muranda womuprista mukuru, akagura nzeve yake yokurudyi. Asi Jesu akapindura achiti, "Zvaringana!" Uye akabata nzeve yomurume uya akamuporesa. Ipapo Jesu akati kuvaprista vakuru navabati vaichengeta temberi, navakuru vakanga vamvinga, "Ko, ini ndiri mupanduki mukuru here, zvamauya neminondo netsimbo? Mazuva ose ndakanga ndinemi mutemberi, uye hamuna kundibata. Asi ino ndiyo nguva yenyu, yokutonga kwerima." (Ruka 22:47-53)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mako 12:28-37; Ruka 6:32; Joahane 4:7-8; Johane 13:34; VaRoma 12:17-21; 1 VaKorinde 4:12; 2 VaKorinde 4:12; 2 VaKorinde 12:10; VaEfeso 5:1-2; 1 Petro 1:22; 1 Petro 3:9; Johane 3:11)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vasatsiva zvakaipa zvavanoitirwa nevamwe. Vadzidzi vaKristu vanodavira zvakasiyana zvakasiyana kune zvinovavinga kusiyana nevamwe vanhu nokuti vanoziva rudo rwaJesu. Jesu akati vaKristu vanofanira kugara somienzaniso yerudo nemutsa kuvanhu vose.

Mwari Vanoda Vanhu Vose



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kuda uye kunamatira vavengi vavo. Jesu anoti hazvisi nyore kuda avo vanokuitira zvakaipa.

Chiverengwa Chinoenderana: Asi ini ndinokuudzai kuti, 'Idai vavengi venyu, mugonyengeterera avo vanokutambudzai, kuitira kuti mugova vana vaBaba venyu vai kudenga. Ivo vanoita kuti zuva ravo ribude pane vakaipa nevakanaka uye vanonayisa mvura yavo pane vakarurama nevakasarurama. (Mateo 5:44-45)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu paiva panyika, aiva nevaimuvenga. Vavengi ava vaivenga Jesu. Jesu akatambudzwa uye akaurayiwa navavengi vake.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Vakati voenda naye, vakabata murume ainzi Simoni weKurini, uyo akanga achibva muruwa, vakamutakudza muchinjikwa ari mushure maJesu. Vanhu vazhinji zhinji vakamutevera, pamwe chete nevakadzi vakanga vachichema uye vachiungudza. Vamwezve varume vaviri, vose vakanga vari mbavha, vakatorwa pamwe chete naye kuti vandourayiwa. Vakati vasvika panzvimbo yainzi Dehenya, vakamurovera ipapo, pamwe chete nembavha, mumwe kurudyi rwake, mumwe kuruboshwe rwake. Jesu akati, "Baba, varegererei, nokuti havazivi zvavari kuita." Vakagovana nguo dzake vachikanda mijenya. Vanhu vakamira vakatarira uye kunyange vatongi vakamuseka. Vakati, "Akaponesa vamwe; ngaazviponese iye pachake kana ari Kristu waMwari, Musanangurwa." Varwi vakasvikawo vakamuseka. Vakamupa waini yevhiniga vakati, "Kana uri mambo wavaJudha, chizviponesa." Pamusoro pake pakanga pane chiziviso chakanga chakanyorwa kuti: UYU NDIYE MAMBO WAVAJUDHA. Mumwe wembavha dzakanga dzakaremba pamwe chete naye akamutuka achiti, "Ko, ndiwe Kristu here? Zviponese ugoponesa nesuwo!" Asi imwe mbavha yakamutsiura ikati, "Hautyo Mwari here iwe, sezvo uri pakutongwa kumwe cheteko? Isu tiri kutongwa zvakarurama, nokuti tiri kupiwa zvakafanira mabasa edu. Asi munhu uyu haana chakaipa chaakaita." Ipapo akati, "Jesu mundirangarirewo pamunenge masvika muumambo hwenyu." Jesu akamupindura akati, "Zvirokwazvo ndinoti kwauri, nhasi uchava neni muparadhisu." (Ruka 23:26-27, 32-43)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA (Mako 12:28-31; Ruka 6:27-38; Johane 13:34; VaRoma 12:17-21)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akatidzidzisa kuti tinofanira kuda nekunamatira avo vanoti tambudza. Jesu akaitira tsitsi avo vakamutambudza nekumuuraya. Vateveri vaJesu vanofanira kupindura vavengi vavo nenzira yakaitwa naJesu.

Ipawo

Kune Vamwe

CHIDZIDZO

2-8

Mwari Vanoda Avo Varimukutambudzika



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kuti vabatsire vanoshaiwa. Vateveri vaKristu havapi vanoshaiwa kuti vaonekwe nevamwe vakavakomberedza. Kana vaKristu vapa kune vanoshaya, vanoonekwa naMwari uye Mwari anovapa mubairo kudenga.

Chiverengwa Chinoenderana: Asi kana mopa kuna vanooshaya ruoko rwako rworuboshwe ngarurege kuziva zviru kuitwa noruoko rwako rworudyi, kuitira kuti kupa kwako kuve pakavanda. Ipapo Baba vako, vonoona zvinoitwa pakavanda, vachakupa mubayiro. (Mateo 6:3-4)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Vadzidzi vaJesu vakamubvunza kuti chii chaizoitika mukuguma kwenyika. Jesu akaudza vadzidzi vake kuti mukuguma kwenyika achava mambo anotonga vanhu vose.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ndudzi dzose dzichaunganidzwa pamberi pake, achatsaura vanhu mumwe kubva kuno mumwe somufudzi anotsaura vanhu makwai kubva kumbudzi. Achaisa makwai kurudyi rwake, uye mbudzi kuruboshwe rwake. Ipapo Mambo achati kuna avo vari kurudyi rwake. 'Uyai imi makaropafadzwa naBaba vangu, mutore nhaka yenyu, umambo hwamakagadzirirwa kubva pakusikwa kwenyika. Nokuti ndakanga ndine nzara mukandipa chokudya, ndakanga ndine nyota, mukandipa chokunwa, ndakanga ndiri mweni mukandipinza mumba, ndakanga ndisina zvokupfeka mukandipfekedza, ndakanga ndiri mutorongo mukandishanyira.' Ipapo vakarurama vachamupindura vachiti, 'Ishe, takakuonai riniko mune nzara tikakupai chokunwa? Takakuonai riniko muri mweni tikakupinzai mumba, kana musina zvokupfeka tikakupfekedzai? Takakuonai riniko muchirwara kana muri mutorongo tikakushanyirai? Mambo achapindura achiti, 'Ndinokuudzai chokwadi kuti, chose chamakaitira mumwe wavaduku vehama dzangu idzi, makazviitira mumwe wavaduku vehama dzangu idzi, makazviitira ini.' 'Ipapo achati kune kune avo vari kuruboshwe rwake, 'Ibvai kwandiri imi makatukwa mupinde mumoto usingadzimi wakagadzirirwa dhiabhoi navatumwa vake. Nokuti ndakanga ndine nzara mukasandipa chokudya, ndakanga ndine nyota, mukasandipa chokunwa, ndakanga ndiri mweni mukasandipinza mumba, ndakanga ndichirwara uye ndiri mutorongo mukasandishanyira.' Naizvozvo vachapindura vachiti, 'Ishe, takakuonai riniko mune nzara kana mune nyota kana kana muri mweni kana musina zvokupfeka kana muchirwara kana muri mutorongo tikasakubatsirai?' Achapindura achiti, 'Ndinokuudzai chokwadi kuti zvose zvamusina kuitira mumwe wavaduku ava hamuna kuzviitira ini.' Ipapo vachaenda muramgwa kusingaperi, asi vakarurama vachipinda muupenyu husingaperi.' (Mateo 25:32-46)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 82:3; Zvirevo 19:17; Zvirevo 28:27; Jeremia 22:3; Mateo 5:42; Mateo 19:21)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu anochengetedza vanoshaiwa. Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vape avo vasina. Jesu achavapa mubairo avo vanopa vamwe.

Munamato

Kutaura Nekuteerera Mwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kuti vanamate nguva dzose. Kunamata kutaura naMwari uye kuteerera Mwari. Kana tichinamata, tinonzwikwa naMwari.

Chiverengwa Chinoenderena: Asi paunonyengetera, panda mumba mako, ugopfiga musiwo uye ugonyengetera kuna Baba vako vasingaonekwi. Ipapo Baba vako avo vanoona zvinoitwa pakavanda, vachakupa mubayiro. (Mateo 6:6)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mumwe mambo aisava nekukurama ainzi Herodhi aivenga maKristu. Mambo Herodhi vakatanga kuuraya vose vaiva mukereke. Mauto vakasunga mutungamiriri wekereke Petro uye vaid a muraya.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Saka Petro akachengetwa mutorongo, asi kereke yakanga ichimunyengerera zvikuru kuna Mwari. Usiku hwaafanira kumiswa pamberi pedare naHerodhi husati hwasvika, akasungwa nengetani mbiri, uye varindi vakanga vakamira vakarinda vari pamukova. Pakarepo mutumwa waShe akaonekwa uye chiedza chakavhenekera muchitokisi. Akarova Petro parutivi ndokumumutsa achiti, “Kurumidza muka!” Ipapo ngetani dzakawa pamaoko aPetro. Mutumwa akati kwaari, “Pfeka nguo dzako neshangu dzako.” Uye Petro akaita saizvozvo. Mutumwa akati kwaari, “Monera jasi rako ubve wanditevera.” Petro akamutevera achibuda mutorongo, asi akanga asingazivi kuti zvaitwa nomutumwa zvakanga zvichitoitika; akafunga kuti aiona chiratidzo. Vakapfuura napavarindi vokutanga nevechipiri ndokusvika pasuo resimbi rakanga rakatarira kuguta. Rakangovazarukira roga, vakapidza napariri. Vakati vafamba kusvika kumagumo kweimwe nzira imwe chete, pakarepo mutumwa akamusiya. Ipapo Petro akapengenuka akati, “Zvino ndava kuziva ndisingatongokahadziki kuti Ishe atuma mutumwa wake uye andinunura pamaoko aHerodhi napazvhinu zvose zvanga zvakatarisirwa navanhu vechiJudha.” Izvi zvakati zvajeka kwaari, akaenda kumba kwaMaria mai vaJohani, anonziwo Mako, uko kwakanga kwakaungana vanhu vazhinji vachinyengetera. Petro akagogodza pamukova wokunze, musikana ainzi Rodha akauya kuzodaira kugogodza uku. Akati anzwa kuti inzwi raPetro, akafara zvikuru akadzokera achimhanya asati atongozarura musuo akavaudza akati, “Petro ari pamukova!” Vakati kwaari, “Wava kupenga.” Paakaramba achisimbisira kuti zvakanga zviri izvo, ivo vakati, “anofanira kunge ari mutumwa wake.” Asi Petro akaramba achigogodza, uye vakati vazarura mukova, vakamuona vakashamiswa. Petro akaninira maoko ake kwavari kuti vanyarare ndokurondedzera kuti Ishe akanga amubudisa sei mutorongo. Akati, “Muudze Jakoho nehama pamusoro paizvozvi.” Ipapo akabva aenda kune imwe nzvimbo. (Mabasa 12:5-17)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(2 Makoronike 7:14; Mapisarema 32:5-11; Jeremia 29:12; Jeremia 42:3; Mateo 5:44; Mateo 7:11; 1 VaTesonika 5:17)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kunamata. Kana ukanamata, Mwari vanokunzwa. Jesu akatiudza kuti tinamate kana tiine zvatinoda. Ukanamata, zvinhu zvinoshamisira zvinoitika.

Chengetedzai Upfumi

Hwenyu Kudenga

CHIDZIDZO

2-10

Remekedzai Mwari Nehupenyu Hwenyu Nezvose Zvamuinanzvo



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mubairo unogamuchirwa navanhu kudenga unoenderana nekuti vairemekedza Mwari nehupenyu hwavo nezvavainazvo panyika. Vateveri vaKristu vanofanira kuraramira mubairo vavachawana kudenga.

Chiverengwa Chinoenderana: Musazviunganidzira pfuma panyika, pane zvipfukuto nengura zvinoparadza, uye pane mbavha dzinopaza dzichiba. Asi zviunganidzirei pfuma kudenga uko kusina zvipfukuto nengura zvinoparadza, uye kusina mbavha dzinopaza dzichiba. Nokuti apo pane pfuma yako ndipo pane mwoyo wakowo. (Mateo 6:19-21)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu aiva akokwa kuzodya chirariro kumba kwaRazaro. Jesu akanga amutsa Razaro kubva kuvafi. Vakokwi kusanganisa Razaro nehanzvadzi dzake Marita naMaria uye vadzidzi.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Kwakati kwasara mazuva matanhatu kuti Pasika isvike, Jesu akasvika paBhetani, kuya kwaigara Razaro, uyo akanga amutsa naJesu kubva kuvakafa. Ipapo vakamubikira kuya kwamanheru. Marita akavashandira uye Razaro akanga ari pakati pavanhu vakanga vari patafura naye. Ipapo Maria akatora chinu chamafuta anonhuwira, enaridho omutengo unokosha kwazvo; akaadururira patsoka dzaJesu akapukuta tsoka dzake nebvdzi rake. Uye imba yose yakazadzwa nokunhuwira kwamafuta. Asim mumwe wavadzidzi vake, Judhasi Iskarioti, uyo akanga achizomupandukira, azviramba izvozvo akati, “Seiko mafuta aya asina kutengeswa uye mari yacho ikapiwa kuvarombo? Anga achikwana mubairo wegore rose.” Haana kureva izvi nokuda kwokuti aiva nehanya navarombo, asi nokuti aiva mbavha; sezvo akanga ari mubati wehomwe, aimboba zvainge zvaiswa muhomwe yacho. Jeus akapindura akati, “Muregei akadar. Zvakanga zvakagadzirirwa kuti iye achengetere mafuta aya zuva rokuvigwa kwangu. Varombo munavo nguva dzose pakati penyu, asi ini hamuzorambi muneni.” (Johane 12:1-8)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mako 8:34; Ruka 12:32-34; 1 Vakorinde 3:310-17; 1 Timoti 6:17-19)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu anotiudza kuti tiite zvinhu zvedu tichitarisira nekusingaperi. Mwari anopa mubairo avo vanomuremekedza nehupenyu hwavo nezvavainazvo.

Musafunganya

Mwari Vanoziva Nekuzadzikisa Zvamunoshuwira



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akati anochengetedza hupenyu hwedu uye achatibatsira mumatambudziko edu. Tikafunganya zvakananyanya nezvehupenyu hwedu tinenge tisina kutenda muna Jesu.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo musafunganya nezvamangwana nokuti mangwana achizvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rine nhamo dzaro dzakarikwanira. (Mateo 6:34)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu akanga aine vadzidzi vake pagungwa. Vazhinji vevadzidzi vake vaimbova varedzi pagungwa iri.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zuva iroro ava madekwana, akati kuvadzidzi vake, “Ngatiyambukirei kuno rumwe rutivi.” Vakasiya vanhu vazhinji, vakaenda naye mugwa, sezvaakanga ari. Pakanga pane mamweo magwa aaiva nawo. Dutu rinotyisa rakauya, uye mafungu akarova igwa, zvokuti rakanga rava pedyo nokunyura. Jesu akanga ari mushure megwa, avete pamutsago. Vadzidzi vake vakamumutsa vakati kwaari, “Mudzidzisi, hamuna hanya here tikanyura?” Akamuka akarayira mhengo uye akati kumafungu, “Nyarara! Dzikama!” Ipapo mhengo yakapera uye kukadzikama zvikuru. Akati kuvadzidzi vake, “Munotyireiko zvakadai? Hamusati mava nokutenda here?” Vakatywa uye vakabvunzana vachiti, “Ndianiko uyu? Kunyange mhengo namafunga zvinomuteerera!” (Mako 4:35-41)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Zvirevo 3:5-6; Ruka 12:22-25; VaGaratia 2:20; VaHebhuru 11:8-12; 1 Petro 1:21)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu anochengetedza chiri chose zvacho muhupenyu hwedu. Tinofanira kuisa kutenda nekuvimba maari.

Mwari Ndiye Mutongi



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Hazvina kunaka kutongwa vamwe vanhu. Vanhu vose vatadzi uye Mwari chete ndiye mutongi anotonga zvakarurama.

Chiverengwa Chinoenderana: Usatonga kuti neweo urege kutongwa. Nokuti nzira yaunotonga nayo vamwe ndiyo yauchatongwa nayo, uye chiero chaunoshandisa ndicho chichashandiswa kwauri. Unotarisirei kabazu kari muziso rehama yako, asi usina hanya nepuranga riri muziso rako?”(Mateo 7:1-3)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

VaFarisi vaiziva mitemo yechitendero uye uye vaida kuti vanhu varemekedze mitemo yechitendero iyi.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Panguva dzamambakwedza akazviratidzazve mutemberi , vanhu vakamuunganira, uye akagara pasi kuti avadzidzise. Vadzidzisi vomurayiro navaFarisi vakapinda nomukadzi akanga abatwa achiita upombwe.

Vakamuita kuti amire pamberi peboka uye vakati kuna Jesu, Mudzidzisi, mukadzi uyu abatwa achiita upombwe. MuMurayiro Mozisi akatirayira kuti titake namabwe vakadzi vakadai. Zvino imi munoti kudii?”

Vakanga vachishandisa mubvunzo uyu kuti vamuteye, vawan hwaro hwokumupa mhosva. Asi Jesu

akakotama akatanga kunyora pasi nomunwe wake. Vakati varamba vachimubvunza, akatwasuka akati kwavari, “Kana pane asina chivi pakati penyu, ngaave iye wokutanga kupotsera dombo kwaari.”

Akakotamazve akanyora pasi. Vakati vanzwa izvi, vose vakatanga kubva vachiita mumwe mumwe, kutanga vakuru, kusvikira Jesu asara oga, uye mukadzi achakangomirapo. Jesu akatwasuka akati kwaari, “Mai, varipiko vava vanga vachikupomera mhosva? Hapana akutonga here?” Iye akati, “Hapana, Ishe.” Jesu akati, “Neniwo handikupi mhosva. Chienda zvino uye usiye upenyu hwako hwechivi.” (Johani 7:2-11)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Ruka 6:37; Johani 8:14-18; 1 VaKorinde 4:3-5; Jakobho 4:12)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Mwari mutongi akatendeka. Vanhu havakanisa kutonga zvakarurama.

Kumbirai, Tsvakai, Gogodzai

Mwari Vanodavira Minamoto Yevasinganeti



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu anodzidzisa kuti kana tikakumbira, kutsvaka uye kugogodza tisinganeti, Anopindura. Nokuda kwehukama hwedu naMwari, tinofanira kuramba tichikumbira kuna Mwari. Dzimwe dzenguva minamoto yedu inokwanisa kusadavirwa nguva imwe chete.

Chiverengwa Chinoenderana: Kumbirai mugopiwa, tsvakai mugowana, gogodzai mugozarurirwa. Nokuti munhu anokumbira anopiwa, anotsvaka anowana; uye anogogodza anozarurirwa musiwu. (Mateo 7:7-8)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu anoudza vadzidzi Vake nyaya kuvaratidza kuti vanofanira kunamata vasinganeti.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

“Mune rimwe guta maiva nomutongi akanga asingatyi Mwari uye asina hanya navanhu. Uye muguta imomo maiva nechirikadzi yaramba ichiuya kwaari nechikumiro ichiti, ‘Ndiruramisireiwo kumuvengi wangu.’

“Kwechinguva akamboramba. Asi pakupedzesera akati mumwoyo make, ‘Kunyange dai ndisingatyi Mwari uye ndisina hanya navanhu, asi nokuda kwokuti chirikadzi iyi inoramba ichindinetsa, ndinofanira kuiruramisa, kuitira kuti arege kuzoramba achindinetsa nokuuya kwake!’” Zvino Ishe akati, Inzwi zvinotaurwa nomutongi asakarurama. Ko, zvino Mwari haangaruramisiri vasanangurwa vake, vanodanidzira kwaari masikati nousiku here? Acharamba achivadzosa here? Ndinoti kwamuri, achaona kuti varuramisirwa, uye nokukurumidza. Kunyange zvakadaro hazvo, kana Mwanakomana woMunhu achisvika, achawana kutenda panyika?”(Ruka 18:2-8)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(VaEfeso 6:18; VaKorose 4:12; VaHebhuru 4:16; Jakobho 4:2-3; Jakobho 5:16; 1 Johane 3:21-22; 1 Johane 5:14-15)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akatidzidzisa kuti tinofanira kugara tichinamata tisingarasi moyo. Kana tikanamata tisinganeti, Mwari anonzwa inzwi redu uye achatipindura.



MADZIRO

HUPENYU HUZERE

Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti ave noupenyu, uye ave nohwakazara. (Johani 10:10)

ZVIRI MUKATI

ZVIDZIDZO

3-1 Kurumbidza Kunzvimbo Dzose.....	48
<i>Mwari Vakakodzera Rumbidzo Yezvokwadi</i>	
3-2 Kutevera Kristu.....	49
<i>Kutevera Kristu Kunoda Kutitarisire Nekuvimba Maari</i>	
3-3 Kutevera Kristu.....	50
<i>Vanotevera Kristu Vanosvika Kune Vamwe</i>	
3-4 Udzai Vamwe Pamusoro PaJesu	51
<i>Kutungamira Vamwe Kutevera Jesu</i>	
3-5 Udzai Vamwe Pamusoro PaJesu	52
<i>Paridzai Ivhangeri Kuna Vamwe Vanhu</i>	
3-6 Udzai Vamwe Pamusoro PaJesu	53
<i>Vanhu Vazhinji Vakagadzira Kunzwa Ivhangeri</i>	
3-7 Kuda Mwari	54
<i>Hukama NaMwari Chinhu Chakakosha Chaizvo</i>	
3-8 Kuda Mwari	55
<i>KuzivaMufudzi Akanaka</i>	
3-9 Kuda Vamwe	56
<i>Kurarama Mukubatana Navamwe Vateveri VaKristu</i>	
3-10 Kuda Vamwe	57
<i>Kuva Chiedza Chenyika</i>	
3-11 Kugadzira Vateveri	58
<i>Fudzai Hwai Dzangu</i>	
3-12 Kugadzira Vateveri	59
<i>Jesu Anesu Apo Tinogadzira Vateveri</i>	
3-13 Kugadzira Vateveri	60
<i>Kusimbisa Nekukurudzira Vamwe Vatendi</i>	

KURUMBIDZA KUNZVIMBO DZOSE

CHIDZIDZO

3-1

Mwari Vakakodzera Rumbidzo Yezvokwadi



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mwari havafari nerumbidzo isiri izere. Mwari haafari nekuita mabasa akareruka onzi irumbidzo. Mwari vanobatwa chaizvo nemaitiro emwoyo yedu. Mwari akativimbisa kuti rimwe zuva vanhu vari munzvimbo dzose vachave nechido cherumbidzo mumwoyo yavo.

Chiverengwa Chinoenderana: Kubva kumigumo yenyika tinonzwa kuimba kunoti: “Ngaarumbidzwe iye Akarurama.” (Isaya 24:16)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Vanhu velsraeri vakatorwa muhunhapwa kuenda kunzvimbo iri kure chaizvo yenyika yavo. Kwaperama makore mazhinji chaizvo vari varanda mune nyika iri kure, umwe mambo akapa valsraeri mvumo kudzokera kunyika yavo kundovaka imba yekurumbidza. Panzvimbo yainamatirwa navalsraeri, vaipira mipiro yemhuka kuna Mwari voipisa paaritari. Valsraeri vakadzokera kunyika yavo asi vakave nematambudziko kuvaka nyika yavo. Apo Valsraeri vaiedza nesimba kuvaka nzvimbo yekunamatira Mwari kwemakore akawanda. Vaimiswa nematongerwo emunyika mavo needzekunze, mari uye zvikuru vanhu vaMwari vakakanganwa kukosha kwekuvaka nzvimbo yekunamatira asi kuti vakatovaka dzimba dzavo. Mwari arikutaura kuvanhu vake, arikuvaudza kuti vadzokere mukurumbidza kuzere.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Pamunouya nezvipfuwo zvakapofumara kuti zvibayirwe, hazvina kuipa here? Pamunobayira zvipfuwo zvakaremara kana zvinorwara, hazvina kuipa here? Chimboedzai kuzvivigira mubati wenyu! Angafadzwa nemi here? Angakugamuchirai here? Jehovha Wamasimba Ose anoti, “Zvino kumbirai Mwari kuti atitire nyasha. Nezvipo zvakadai zvinobva mumaoko enyu, angakugamuchirai here?” “Haiwa, dai mumwe wenyu aipfiga mikova yetemberi, kuitira kuti murege kubatidza moto isina maturo paaritari yangu! Handifadzwi nemi,” ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, “uye handigamuchiri zvipiriso zvinobva mumaoko enyu. Zita rangu richava guru pakati pendudzi, kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira. Zvinonhuwira nezvipiriso zviitsvene zvichauyiswa kuzita rangu munzvimbo dzose, nokuti zita rangu richava guru pakati pendudzi,” ndizvo zvinotaura Jehovha. “Asi munoizvidz pamunoti, ‘Tafura yaJehovha yakasvibiswa, uye zvokudya zvayo zvakashoreka.’ Uye munoti, ‘Zvimorema sei!’ uye munoifembedza muchiizvidza,” ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. “Pamunuyisa zvipfuwo zvakakuvara, zvakaremara kana zvinorwara kuzozvipa sezvibayiro, ndingazvigamuchira kubva pamao enyu here?” ndizvo zvinotaura Jehovha. Ngaatukwe munyengeri ane gondohe rakanaka pakati pamakwai ake, anopika kuti acharipa, asi asi agobayira chipfuwo chine chakaipa pachiri kuna Ishe. Nokuti ndiri Mambo mukuru,” ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, “uye zita rangu rinofanira kutyiwa pakati pendudzi. (Malachi 1:8-14)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Isaya 24:16; Isaya 25:3; Johane 4:23-24)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu anoshuvira rumbidzo izere. Mwari vakativimbisa kuti rimwe zuva vanhu vari munzvimbo dzose vachamurumbidza nemwoyo werumbidzo.

KUTEVERA KRISTU

CHIDZIDZO

3-2

Kutevera Kristu Kunoda Kuti Titarisire Nekuvimba Maari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kutevera Kristu zvinoreva kuisa kuvimba nekutarisira kwako kwose Maari. Zvose zvatiinazvo muhupenyu hwedu zvatinarisira nekuvimba mazviri zvinokwanisa kuva zviyangaidzo mukutevera Kristu zvizere.

Chiverengwa Chinoenderana: Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, “Kana paine anoda kunditevera, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere. Nokuti ani naani anoda kuchengetedza upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi naani anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana. (Mateo 16:24-25)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Hupfumi ndicho chimwe chezvinhu vanhu vanovimba nekutarisira mazviri. Murume ari munyaya iyi anouya kuna Jesu aive mupfumi.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zvino mumwe murume akauya kuna Jesu akamubvunza achiti, “Mudzidzisi, ndechipi chinhu chakanaka chandingaita kuti ndiwane upenyu husingapere?” Jesu akati kwaari, “Unondibvunzireiko pamusoro pezvakanaka? Kunongova noMumwe chete akanaka. Kana uchida kupinda muupenyu, teerera mirayiro.” Murume uya akabvunza achiti, “Ipiko?” Jesu akapindura akati, “Usauraya, usaita upombwe, usaba, usapupura nhema. Kudza baba vako namai vako uye ude muvakidzani wako sokuzvida kwaunozviita iwe.” Jaya riya rakati, “Zvose ndakazvichengeta. Chii chandichiri kushayiwa?” Jesu akati, “Kana uchida kuva wakakwana, enda unotengesa zvose zvaunazvo ugopa varombo, ugozova nepfuma kudenga. Ipapo ugouya wonditevera.” Jaya riya parakanzwa izvi, rakaenda rakasuwa kwazvo nokuti raiva nepfuma zhinji kwazvo. (Mateo 19:16-22)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Zvirevo 3:5-6; Mateo 6:19-21; Romans 15:13; 1 VaTesaronika 1:3)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Vateveri vanofanira kuisa tarisiro nevimbo yavo muna Kristu oga.

KUTEVERA KRISTU

CHIDZIDZO

3-3

Vanotevera Kristu Vanosvika Kune Vamwe



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akauya kuzotsvaga nekununura vakarasika. Kuva muteveri waKristu zvinoreva kuti tinofanira kusvika kune avo vakarasika sezvakaitwa naJesusu.

Chiverengwa Chinoenderana: Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, “Kana paine anoda kunditevera, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere. Nokuti ani naani anoda kuchengetedza upenyu hwake acharasikira noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana. (Mateo 16:24-25)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu akadzidzisa chokwadi mudunhu rose. Vanhu vazhinji vaiuya kuzonzwa manzwi aidzidziswa naJesusu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo Jesu akabudazve akaenda kugungwa. Vanhu vazhinji zhinji vakauya kwaari uye akatanga kuvadzidzisa. Paaifamba achitevedza gungwa, akaona Revhi mwanakomana waArifiasi agere paiterera mutero. Jesu akati kwaari, “Nditevere,” ipapo Revhi akasimuka akamutevera. Jesu paakanga achidya kudy kwamanheru paimba yaRevhi, vateresi vazhinji na “vatadzi” vakanga vachidya naye, uye navadzidzi vake, nokuti kwaiva navazhinji vaimutevera. Vadzidzi vomurayiro, ivo vaFarisi vakati vachimuona achidya na “vatadzi” uye navateresi, vakabvunza vadzidzi vake vakati, “Seiko achidya navateresi uye na ‘vatadzi’?” Akati achinzwa izvozvo, Jesu akati kwavari “Vasingarwari havatsviki chiremba, asi vanorwara. Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi.” (Mako 2:13-17)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Zvirevo 19:17; Ruka 15:1-31; Ruka 19:10; VaGaratia 6:9-10, Jakobho 3:18)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Sevateveri vaKristu, tinofanira kusvika kure kune vakarasika vakatikomberedza nenzira imwe chete Jesu akaita kusika kune vakarasika vaive vakamokomberedza.

UDZAI VAMWE PAMUSORO PAJESU

CHIDZIDZO

3-4

Kutungamira Vamwe Kutevera Jesu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Mwari anoda kuva nehukama navanhu vose. Sevateveri vaKristu, tinoshevedzwa kutungamira vamwe kuti vave nehukama Naye.

Chiverengwa Chinotevera: Zvino, vachagodana Seiko kunai ye wavasina kutenda kwaari? Uye vangatenda sei kunai ye wavasina kumbonzwa? Vanganzwa Seiko kana kusina anovaparidzira? Uye vangaparidza Seiko kana vasina kutumwa? Sezvazvakanyorwa zvichinzi: “Dzakanaka sei tsoka dzavanouya namashoko akanaka!” (VaRoma 10:14-15)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Simoni Petro aiva muredzi wehove wamazvikokota asati ave muteveri waKristu. Munyaya iyi Jesu anoshevedza Petro kuti ave muredzi wavanhu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Rimwe zuva Jesu zvaakanga amire paGungwa reGenesareti, vanhu vakaungana vakamukomberedza vachiteerera kushoko raMwari, uye akaona magwa maviri kumhenderekedzo dzegungwa, akanga asiyiwapo navabati vehove, vakanga vachisuka usvasvi hwavo. Akakwira mune rimwe ramagwa acho, rakanga rakanga riri rSimoni, akamukumbirakuti ariswededze zvisvishoma kumahombekombe. Ipapo akagara pasi akadzidzisa vanhu ari mugwa. Akati apedza kutaura, akati kuna Simoni, “Chiriswededza kwakadzika ugokanda usvasvi ubate hove.” Simoni akapindura akati, “Tenzi takashanda zvakaoma usiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu usvasvi.” Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo kukatanga kubvaruka. Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune imwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura. Simoni Ptro akati achiona izvi, akawira pasi pamabvi aJesu akati, “Ibvai kwandiri, Ishe; ndiri mutadzi!” Nokuti iye neshamwari dzake vakashama kwazvo nokuda kwehove dzvakanga vabata, uye vanaJakobho naJohani, vanakomana vaZebhedhim vamwe vaSimoni, vakashamawo. Ipapo Jesu akati kuna Simoni, “Usatya; kubva zvino uchava mubati wavanhu.” Saka vakakwevera magwa avo kumahombekombe, vakasiya zvose uye vakamutevera. (Ruka 5:1-11)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 28:18-19; Johane 4:39-42; 2 Petro 3:9)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Mwari vanoshuvira kuva nehukama nevanhu vose. Sevateveri vaKristu tine mukana wekutungamirira vamwe muna Kristu.

UDZAI VAMWE PAMUSORO PAJESU

CHIDZIDZO

3-5

Paridzai Ivhangeri Kuna Vamwe Vanhu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Bhaibheri rinoudza vanhu kuti vagoverane Ivhangeri Yakanaka yaJesu kune vamwe. Vanhu vose vanekodzero yekunzwa Ivhangeri Yakanaka yakaunzwa naJesu.

Chiverengwa Chinotevera: Zvino, vachagodana Seiko kunai ye wavasina kutenda kwaari? Uye vangatenda sei kunai ye wavasina kumbonzwa? Vanganzwa Seiko kana kusina anovaparidzira? Uye vangaparidza Seiko kana vasina kutumwa? Sezvakanyorwa zvichinzi: “Dzakanaka sei tsoka dzavanouya namashoko akanaka!” (VaRoma 10:14-15)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Pauro aiva mudzidzisi nemuparidzi aizivikanwa chaizvo. Munyaya iyi, Pauro anoparidza Shoko. Shoko Ivhangeri rinoshuwirwa naMwari kuti vave nehukama navanhu vose. Tinokwanisa kuva nehukama naMwari nokuda kwokuzvipira kwalaita Jesu kuzvivi zvedu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Panguva dzousiku, Pauro akana chiratidzo chomuruome weMasedhonia amire achimukumbira achiti, “Yambukirai kuno kuMasedhonia muzotibatsira.” Shure kwokunge Pauro aona chiratidzo, takagadzirira pakarepo kuti tibve tiende kuMasedhonia, takagutsikana kuti Mwari akanga atidana kuti tindovaparidzira vhangeri. Tichibva paTrioasi takananga kugungwa tikakwira chikepe ndokunanga kuSamotirasi, uye zuva rakatevera takasvika paNeapolis. Kubva ipapo takaenda kuFiriipi, nyika yaitongwa navaRoma uye guta guru redunhu reMasedhonia. Uye takagara mazuva mazvhinji ipapo. Nomusi weSabata takabuda kunze kwesuo reguta kurwizi, kwataitarisira kuwana nzvimbo yekunyengetera. Takasvikogara pasi ndokubva tatanga kutaura kumadzimai akanga akaungana ipapo. Mumwe waavo vakanga vakateerera aiva mudzimai ainzi Ridhia, aiva nebasa rokutengesa nguo dzomucheka wepepuru dzaibva kuguta reTiatira, ainamata Mwari. Ishe akazarura mwoyo wake kuti agamuchire mashoko aPauro. Alati abhabhatidzwa iye neveimba yake, vakatikoka kumba kwake akati, “Kana muchiona kuti ndiri mutendi muna She, uyaiwo mugare kumba kwangu.” Uye akatikumbirisa tikatenda. (Mabasa 16:9-15)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 10:7-8; Mateo 28:19-20; Mako 16:15; VaRoma 1:16-17; 1 Vakorinde 2:1-5)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Bhaibheri rinoti vose vanotevera Jesu vakashevedzwa kuudza vamwe Ivhangeri Yakanaka kuvanhu vose kuti vave nehukama naMwari.

UDZAI VAMWE PAMUSORO PAJESU

CHIDZIDZO

3-6

Vanhu Vazhinji Vakagadzirira Kunzwa Ivhangeri



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akati kukohwa kukuru asi vashandi ndivo vashoma. Kune vanhu vazhinji chaizvo vakamirira kunzwa nezva Jesu Kristu. Vadzidzi va Jesu Kristu vanofanira kugoverana Ivhangeri Yakanaka navanhu vose.

Chiverengwa Chinoenderana: Zvino, vachagodana seiko kunai ye wavasina kutenda kwaari? Uye vangatenda sei kunai ye wavasina kumbonzwa? Vanganzwa seiko kana kusina anovaparidzira? Uye vangaparidza seiko kana vasina kutumwa? Sezvakanyorwa zvichinzi: “Dzakanaka sei tsoka dzvanouya namashoko akanaka!” (VaRoma 10:14-15)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu anopa mirayiro kuvadzidzi vake pamusoro pelvhangeri Yakanaka.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Shure kwaizvozvo Ishe akagadza vamwe makumi manomwe akavatuma achiita vaviri vaviri pamberi pake kumaguta nokunzvimbo dzose kwaakanga achizoenda. Akati kwavari, ‘Kukohwa kukuru, asi vashandi vashoma. Naizvozvo kumbirai kuna She wokukwohwa, kuti atume vashande mumunda wake wokukohwa. Endai! Ndiri kukutumai samakwayana pakati pamapere. Musatora chikwama, kana hombodo, kana shangu; uye musakwazisa munhu panzira. “Pamunopinda mumba, mutange kuti, ‘Rugare ngruve muimba ino.’ Kana munhu worugare arimo, rugare rwenyu ruchazorora pamusoro pake; kana zvakasadaro, ruchadzokera kwamuri. Garai muimba iyoyo muchidya nokunwa zvose zvavanokupai nokuti mubati akafanirwa nomubayiro wake. Musapota-pota nedzimba. “Pamunopinda muguta uye vakakugamuchirai, mudyeye zvose zvinoiswa pamberi penyu. Poresai vanorwara varimo mugovaudza kuti, ‘Umambo hwaMwari hwaswedera.’ (Ruka 10:1-9)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Isaya 6:8; Mateo 9:35-38; Johane 4:35-38; VaGaratia 6:9-10)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Tose takakomekedzwa kulvhangeri Yakanaka yeShoko. Tine mukana wekugoverana Ivhangeri Yakanaka iyi nevakatikomberedza.

KUDA MWARI

CHIDZIDZO

3-7

Hukama NaMwari Chinhu Chakakosha Chaizvo



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akaudza vadzidzi vake kuita zvinhu zvizvinji. Chakanyanya kukosha hukama hwedu naMwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose uye nomweya wako wose nokufunga kwako kwaso uye nesimba rako rose.' (Mako 12:30)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mariya naMarita vaiva vateveri vaJesusu uye vaine hukama hwakanaka Naye.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jesu navadzidzi vake pavakanga vachifamba, vakasvika pano mumwe musha; mumwe mukadzi ainzi Marita akamugamuchira mumba make. Akanga ano munun'una wake ainzi Maria, uyo akagara patsoka dzaShe achiteerera kune zvakanga achitaura. Asi Marita akatadziswa kuteerera nokuda kwokugadzirira kwose kwaifanira kuitwa. Akauya kwaari akati, "Ishe hamuna hanya here kuti munun'una wangu andisiya ndichingoshanda ndoga?Muudzei kuti andibatsirewo!" Ishe akapindura akati, "Marita, Marita, uri kufunganya nokugumburwa pamusoro pezvinhu zvizhinji, asi pane chinhu chimer chete chinodikanwa. Maria asarudza chinhu chiri nani, uye haazochoterwi." (Ruka 10:38-42)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 11:28-30; Johane 14:15; Ruka 6:47-49; VaFiripi 2:12-13)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Murayiro wakanyanyokosha wakapiwa naJesusu ndewekuti tinafanofanira kumuda nomwoyo, mweya, pfungwa nesimba redu rose.

KUDA MWARI

CHIDZIDZO

3-8

KuzivaMufudzi Akanaka



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Vateveri vaKristu vanofanira kuda Mwari nezvose zvavari. Kuda Mwari nezvose zvatiinanzvo, tinafanira kuziva Mwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wose uye nemweya wako wose nokufunga kwako kwose ye nesimba rako rose. (Mako 12:30)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu anotsanangura muchidzidzo chapfuura kuti vateveri Vake vakafanana nemakwai uye makwai anotevera mufudzi.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Naizvozvo Jesu akatizve kwavari, “Ndinokuudzai chokwadi, ndini mukova wamakwai. Vose vakanditangira vaiva mbavha namakororo, asi makwai haana kuvanzwa. Ndini mukova; ani naani anopinda napandiri achaponeswa. Achapinda agobuda, uye achawana mafuro. Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti ave noupenyu, uye ave nohwakazara. Ndini mufudzi akanaka. Mufudzi akanaka anorasira makwai ake upenyu hwake. Mushandi haasi iye mufudzi nomwene wamakwai. Saka paanoona bere richiuya, anosiya makwai obva atiza. Ipapo bere rinobata boka ramakwai uye raoparadzira. Munhu uyu anotiza nokuti mushandi zvake uye haana hanya namakwai. “Ndiri mufudzi wamakwai; ndinoziva makwai angu uye makwai angu anondiziva-” Johane 10:7-14



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 23; Mapisarema 100; Mateo 9-35-36)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kana tikaziva Mwari, tichada Mwari.

KUDA VAMWE

CHIDZIDZO

3-9

Kurarama Mukubatana Navamwe Vateveri VaKristu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Vateveri VaKristu vanoshevedzwa kuti Kereke. Mwari vanotarisa kuti Kereke riraram mukubatana.

Chiverengwa Chinoenderana: Ida wokwako sezvunozvida iwe. (Mako 12:31)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Vakuru vechitendero vaipikisana naJesu vakaudza vakuru veKereke kuti vasataura kana kudzidzisa nezvaJesu. Kereke yakatsvaga Mwari kuwana mhinduro chaiyo.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

“Zvino, Ishe, tarirai kutyisidzira kwavo mugobatsira varanda venyu kuti vataure shoko renyu nokushinga kukuru. Tambanudzai ruoko rwenyu kuti muporese uye muite zviratidzo nezvishamiso kubudikidza nezita raJesu muranda wenyu mutsvene.” Shure kwokunge vanyengetera, nzvimbo yavakanga vakaungana pairi yakazungunuswa. Uye vose vakazadzwa noMweya Mutsvene vakataura shoko raMwari vasingatyi. Vatendi vose vakanga vano mwoyo mumwe nendangariro ime. Hakuna aiti chimwe chezvaaiva nazvo ndechake oga, asi vakagovana zvose zvavakanga vanazvo. Vapostori vakaramba vachipupura nesimba kumuka kwalshe Jesu, uye nyasha huru dzaiva pamusoro pavo. Pakanga pasina vanoshayiwa pakati pavo. Nokuti nguva nenguva vava vakanga vane minda kana dzimba vakazvitengesha, vakauyisa mari yezvavakatengesha vakazviisa pamberi pavapostori, uye yakagoverwa kuna ani zvae sokushayiwa kwake. (Mabasa 4:29-35)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(VaRoma 12:3-21; 1 VaKorinde 12:12-31; 1 VaKorinde 14:26; VaEfeso 4:1-16)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Tose takashevedzwa kugara mukubatana nevamwe vateveri vaKristu.

KUDA VAMWE

CHIDZIDZO

3-10

Kuva Chiedza Chenyika



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu anodzidzisa vadzidzi vake kuda vamwe vanhu. VaKristu vakashevedzwa kuunza shoko retarisiro nerunyararo munyika. VaKristu vanodzidziswa kuratidza rudo rwaMwari kune avo vari ukushayiwa.



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Bhaibheri rinotidzidzisa kuda vavakidzani vedu. Mumwe mudzidzi wemurayiro akabvunza Jesu kuti muvakidzane wake aive ani. VaRevhi nevaprista vaive vanhu vaikoshesa zvekutenda. Vasamaria vaiva vanhu vaiva vasina hushamwari nevanhu vaitevera Jesu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jesu akapindura akati, “Mumwe murume aiburuka achibva kuJerusarema achienda kuJeriko, paakawira mumaoko amakororo. Vakamubvisa nguwo dzake, vakamurova ndokuenda zvavo, vachimusiya oda kufa. Zvakaitika kuti mumwe muprista akafambawo nenzira iyoyo, uye akati achiona munhu uyo, makamunyenyeredza. Saizvozvowo, muRevhi, akati asvika panzvimbo iyoyo akamuona, akamunyenyeredzawo. Asi muSamaria, aiva parwendo, akasvika pakanga pano munhu; uye akati achimuona, akamunzwira tsitsi. Akaenda paari akamusunga maronda ake, akaadira mafuta newaini. Ipapo akamutora akamukwidza pambongoro yake, akamuendesa kuimba yavaeni, akamuchengeta. Fume mangwana akatora mari yesirivha akaipa kumuchengeti weimba yavaeni. Akati kwaari, ‘Muchengetei uye pandinodzoka, ndichakuripirai zvose zvamunenge mawedzera pane zvandakupai.’ Ndianiko pavanhu vatatu ava waunofunga kuti akanga ari muvakidzani kunai ye akawira mumaoko amakororo?” Mududziri womurayiro akati, “Uyo akamunzwira tsitsi.” Jesu akati kwaari, “Enda undoita saizvozvo.” (Ruka 10:30-37)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 5:14-16; Johane 13:34-35; 1 VaKorinde 13; VaEfeso 4:1-3; 1 Johane 3:16-18; 1 Johane 4:7-12)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kana tikabatsira avo vari mumatambudziko, tinoratidza rudo rwaMwari kuvanhu. Tinoratidza kuda Mwari kwedu nokubatsira vamwe vanhu.

KUGADZIRA VATEVERI

CHIDZIDZO

3-11

Fudzai Hwai Dzangu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Rudo rwaMwari runotikurudzira kudzidzisa nebatsira vamwe vatendi.

Chiverengwa Chinoenderana: Ivai vafudzi veboka raMwari riri pasi penyu, muchibata savatariri, musingazviiti nokuroveredzwa, asi nokuda kwokuti munoda, sezvinodikanwa naMwari kuti muve; musangakariri mari, asi muchishingaira pakushanda. (1 Petro 5:2)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu akaroverwa achibva amuka kubva kuvafi. Mangwanani-ngwanani Jesu akaona vadzidzi Vake vachibata hove.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Jesu akati kwavari, “Uyai mudye.” Hapana kana mudzidzi mumwe chete akabvunza kuti, “Ndimi aniko?” Vakaziva kuti ainge ari Ishe. Jesu akauya, akatora chingwa akavapa, akaita saizvozvo nehovewo. Uku kwakava kuzviratidza kwaJesu kuvadzidzi vake kwechitatu shure kwokumuka kwake kuvakafa. Vakati vapedza kudya, akati kuna Simoni Petro, “Simoni mwanakomana waJohani, unondida zvechokwadi here?” Akapindura akati, “Hongu, Ishe, munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati, “Fudza makwayana angu.” Jesu akatizve, “Simoni, mwanakomana waJohani unondida zvechokwadi here?” Akapindira akati, “Hongu, Ishe munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati, “Chengeta makwai angu.” Akatizve kwaari kechitatu, “Simoni mwanakomana waJohani, unondida here?” Petro akarwadziwa nokuti Jesu akanga amubvunza kechitatu achiti, “Unondida here?” Akati, “Ishe, imi munoziva zvinhu zvose, munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati, “Fudza makwai angu.” (Johani 21:12-17)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 28:19-20; Mabasa 20:28; 1 VaKorinde 9:16-18; 1 VaTesaronika 5:11; 2 Timoto 2:2; 2 Timoti 4:2-5)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akaudza vateveri Vake kuti vaitewo vateveri. Kuita vadzidzi zvinoreva kuti tinokurudzira nekudzidzisa vatenderi kuti vakure muhukama hwavo naMwari.

KUGADZIRA VATEVERI

CHIDZIDZO

3-12

Jesu Anesu Apo Tinogadzira Vateveri



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzira Ivhu

Jesu anoda vanhu vose ndokusaka akaudza vateveri vake kuti vavafudze. Jesu akavimbisa vatendi kuti lye achazova navo apo vanoenda kunoita vateveriwo.

Chiverengwa Chinoenderana: Ivai vafudzi veboka raMwari riri pasi penyu, muchibata savatariri, musingazviiti nokuroveredzwa, asi nokuda kwokuti munoda, sezvinodikanwa naMwari kuti muve; musangakariri mari, asi muchishingaira pakushanda. (1 Petro 5:2)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya. Jesu aive ane mazuva matatu ari muguva kubva paarohwera pamuchinjikwa. Vadzidzi vakanzwa kuti guva rakavigwa Jesu makanga musisina munhu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo vadzidzi gumi nomumwe vakaenda kuGarirea, kugomo ravainge vaudzwa naJesu kuti vaende. Vakati vamuona, vakamunamata, asi vamwe vakakahadzika. Ipapo Jesu akavika pavari akati, “Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, uye muchivadzidzisa kuti vachengete zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.” Mateo 28:16-20)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Johane 14:15-17; Mabasa 2:42-47; 2 Timoti 2:2; VaHebhuru 13:5-6)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akarayira vadzidzi kuti vaende kundzidzisa vamwe. Vateveri vaKristu vanoshevedzwa kudzidzisa vatenderi vatsva kuti vakure mukuzisa nemukutenda munaKristu.

KUGADZIRA VATEVERI

CHIDZIDZO

3-13

Kusimbisa Nekukurudzira Vamwe Vatendi



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Sevatendi tose tinofanira kuva tinokurudzirwa nekusimbiswa mukutenda kweedu. Semhuri yaMwari, tinofanira kudzidziswa uye kukurudzirwa nevamwe.

Chiverengwa Chinoenderana: Ivai vafudzi veboka raMwari riri pasi penyu, muchibata savatariri, musingazviiti nokuroveredzwa, asi nokuda kwokuti munoda, sezvinodikanwa naMwari kuti muve; musangakariri mari, asi muchishingaira pakushanda. (1 Petro 5:2)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya. Pauro naBhanabhasi vaienda kuguta neguta vachigoverana nezvaJesu.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Asi shure kwokunge vadzidzi vaungana vakamukomba, akamuka akadzokera muguta zvakare. Zuva rakatevera akaenda naBhanabhasi kuDhebhe. Vakaparidza mashoko akanaka muguta iroro vakawana vadzidzi vazhinji kwazvo. Ipapo vakadzokera kuRistira, Ikoniamu nokuAndioki, vachisimbisa vadzidzi nokuvakurudzira kuti varambe vari pakutenda. Vakati, “Tinofanira kutambudzika kuti tipinde muumambo hwaMwari. Pauro naBhanabhasi vakagadza vatungamiri mukereke imwe neimwe uye nokunyengerera nokutsanya, vakavakumikidza kuna She, uyo wavaivimba naye. (Mabasa 14:20-23)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mabasa 2:42-47; Mabasa 1:25-30; Mabasa 15:30-41; Mabasa 18:23; 1 Vatesaronika 5:13-15)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kuva vateveri vakatendeka vaKristu tinofanira kusimbisana nekukurudzirana.



DENGA/PFIRIRO

CHOKWADI CHAKAKOSHA

*“Ipapo muchaziva zvokwadi, uye zvokwadi ichakusunungurai.”
(Johane 8:32)*

Zvirimukati

Zvidzidzo:

4-1 Mwari	62
<i>Kuna Mwari Mumwe Chete</i>	
4-2 Jesu	63
<i>Jesu Mwanakomana WaMwari</i>	
4-3 Mweya Mutsvene	64
<i>Vateveri VaKristu Vanoda Mweya Mutsvene</i>	
4-4 Rudo neKuregerera	65
<i>Jesu Akauya Kuzoratidza Rudo NeKuregererana</i>	
4-5 Kuzviruramisa Pamberi PaMwari	66
<i>Kurangarira Kuti Takatadza Kuva Zvinotarisirwa NaMwari</i>	
4-6 HuMambo HwaMwari	67
<i>Kuberekwa Patsva MuMweya</i>	
4-7 Bhaibheri	68
<i>Chokwadi Chakanyorwa Kubva Kuna Mwari</i>	
4-8 Kereke	69
<i>Vateveri VaKristu Vachigara Mukubatana</i>	
4-9 Chiedza Chenyika	70
<i>Kuratidzira Chiedza ChaKristu</i>	
4-10 Hupenyu Husingaperi	71
<i>Hupenyu Husingaperi NaMwari kana Kurwadziwa</i>	
4-11 Mutongi	72
<i>Jesu Achatonga Vanhu Vose</i>	
4-12 Chirariro Chalshe	73
<i>Kukosha Kwekurangarira Kufira Matadzo Edu KwaKristu</i>	
4-13 Bhabhatidzo	74
<i>Kuita Chitsidzo Chechitendero Muna Kristu Pamberi Peruzhinji</i>	

MWARI

Kuna Mwari Mumwe Chete



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kuna Mwari mumwe chete. Bhaibheri ndiro rinoita kuti tinziwisise kuti Mwari ndiani uye akaita sei. Bhaibheri rinotiudza kuti VaKristu vanonamate Mwari mumwe chete uye kunamata vamwe vamwari kusaremekedza kuna Mwari umwe chete.

Chiverengwa Chinoenderana: Ishe Mwari wedu, Ishe ndiye mumwe chete. (Mako 12:29)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Pauro aiva mumwe wevaparidzi vakuru veShoko. Rimwe zuva Pauro akaparidza kuzarura vanhu kuna Mwari mumwe chete. Vanhu veguta iri vakaungana kuti vanzwe zvaitaurwa naPauro.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo Pauro akasimuka mumusangano weAreopagasi akati, “Varume veAtene! Ndinoona kuti panzira dzose muri vanhuvechitendero zvikuru. Nokuti ndakati ndichifamba-famba uye ndikanyatsotarisisa zvinhu zvamunonamata, ndakaona kunyange nearitari yakanyorwa kunzi: KUNA MWARI ASINGAZIVIKANWI. Zvino chamunonamata sechinhu chisingazivikanwi ndicho chandinokuparidzirai. “Mwari akasika nyika nezvinhu zvose zviri mairi ndiye Ishe wedenga nepasi uye haagari mutemberi dzakavakwa namaoko. Iye haashumirwi namaoko avanhu, sokunge anoshayiwa chinhu, nokuti iye amene anopa vanhu vose upenyu nokufema uye nezvimwewo zvinhu. Kubva pamunhu mumwe chete akaita ndudzi dzose dzavanhu, kuti vagare panyika yose; uye akavatarira nguva nenzvimbo dzavo chaidzo dzavangagara. Mwari akaita izvi kuitira kuti vanhu vagomutsvaka kuti zvimwe vangamuwana, kunyange zvake asiri kur nomumwe nomumwe wedu. Nokuti maarindimo matinorarama, nomatinofamba, uye ndimo matigere.’ Sezvakarehwa navamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti, ‘Tiri chibereko chake.’ Naizvozvo sezvo tit chibereko chaMwari, hatifaniri kufunga kuti umwari hwakaita segoridhe kana sirivha kana ibwe, chifananidzo chakavezwa noumhizha hwomunhu. Mwari akarega hake kurangarira nguva dzakare dzokusaziva kwakadai, asi zvino anorayira vanhu vose kwose kwose kuti vatendeuke. Nokuti akatarira zuva raachatonga nyika nokururamisa nomurume waakagadza. Akaratidza izvi kuvanhu vose nokumumutsa kubva kuvakafa.” (Mabasa 17:22-31)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Genesisi 1:1; Dhuteronomi 6:4-5; Mako 12:32; 1 Timoti 2:5-6; Zvakazarurwa 1:8)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Kuna Mwari mumwe chete wezvokwadi. Hatifaniri kunamata vamwe vamwari vekunyepera.

JESU

CHIDZIDZO

4-2

Jesu Mwanakomana WaMwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu aiva kudenga naMwari asati auya panyika. Jesu ndiye oga Mwanakomana waMwari. Mushure mekufa nekumuka kwake muvafi, Jesu akadzokera kudenga kuna Baba vake. Kunzwisisa nekunamata Jesu nenzira yakafanira, tinofanira kuziva kuti Mwari Baba naJesu vamwe chete.

Chiverengwa Chinoenderana: Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa nalshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti. “Mhandara ichava napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’” (Mateo 1:22-23)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Kubva makare, kune varume vakawanda vakatumwa naMwari kuti vazivise kuti Jesu achazouya rimwe zuva. Varume ava vainzi vaprofita. Mozisi naEria vaiva vaprofita vakararama makore mazhinji kwazvo Jesu asati auya panyika.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Mushure memazuva matanhatu Jesu akatora Petro naJakobho naJohani munun’una waJakobho akakwira navo mugomo refu vari voga. Ipapo akashanduka pamberi pavo. Chiso chake chakapenya sezuva uye nguo zake dzikachena sechiedza. Pakarepo Mozisi naEria vakangoerekana voonekwa vamire vachitaura naJesu. Petro akati kuna Jesu, “Ishe zvakatinakira kuva pano. Kana muchida ndingavaka matumba matatu, rimwe renyu, rimwe raMozisi nerimwe raEria.” Achiri kutaura kudaro, gore raipenya rakabva ravakwidibira inzwi rikabuda mugore richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinodisa, anondifadza. Munzwei!” Vadzidzi vakati vanzwa izvi, vakawira pasi nezviso zvavo vachitya kwazvo. Asi Jesu akauya akavabata. Akati, “Mukai. Musatya.” Pavakasimudza misoro vachitarisa vakazongoona Jesu ava oga. (Mateo 17:1-8)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Johani 1:1-5; Johani 3:16; VaFiriipi 2:5-11; VaKorose 1:15-20; VaKorose 2:9; VaHebhuru 1:1-3)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu naBaba vari kudenga vamwe chete. Jesu ndiMwari.

MWEYA MUTSVENE

Vateveri VaKristu Vanoda Mweya Mutsvene



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake kuti hukama naMweya Mutsvene hwakakosha. Jesu aiva nehukama naMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene anoshevedzwa kuti Mubatsiri uye anotungamira vateveri vaKristu muchokwadi. Mweya Mutsvene anopawo vateveri vaKristu samba. Kuvatenderi vanhasi hukama hutsvene uyu hwakakosha.

Chiverengwa Chinoenderana: Uye ini ndichakumbira Baba, vagokupai mumwe Munyaradzi kuti agare nemi nokusingaperi, iye Mweya wechokwadi. (Johane 14:16-17)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Umwe wemirayiro yekupedzesera yaJesu yaakapa kuvateveri vake kumirira Mweya Mutsvene. Mukuteerera, boka revanhu vazhinji rakaungana kuJerusarema richimirira. Kwaperera mazuva akati kuti, Mweya Mutsvene wakaburukira kuna vose vaive vakaungana.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana vose panzvimbo imwe chete. Pakarepo kutinhir sokwemhepo inovuhvuta nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose yavakanga vagere. Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokuppiwa kwavakaitwa noMweya. Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari vaibva kundudzi dzose pasi pedenga. Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana pamwe chete vachishamiswa, nouti mumwe nemumwe akavanzwa vachitaura norurimi rwake chairwo. Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko, vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura? Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa nomutauro waakaberekwa nawo? VaPatio, vaMedhia, navaEramu; navanogara Mesopotamia, Judhea neKapadhokia, Pondasi neEzhia, Firigia nePamufiria, Ijipita namativi eRibhia pedyo neKureni, vaeni vanobva kuRoma (zvose vaJudha navakatendeukira kuchiJudha); vaKirete navaArabhu, tinovanzwa vachitaura zvishamiso zvaMwari nendimi dzedu chaidzo!” Vakakatyamara uye vakakanganisika, vakabvunzana vachiti, “Zvinoreveiko izvi?” Kunyange zvakadaro, vamwe vakavaseka vakati, “Vanwa waini yakawanda.” Ipapo Petro akamira pamwe chete navane gumi nomuwe, akadanidzira, kuvanhu vazhinji achiti, “Hama imi vaJudha nemi mose mugere muJerusarema, regai ndikutsanangurirei chinhu ichi; nyatsoteerera mashoko angu. Vanhu ava havana kudhakwa sezvamunofungidzira zvaichiri nguva yepfumbamwe mangwanani kudai! Kwete, izvi ndizvo zvakatairwa nomuporofita Joere achiti, “‘Mumazuva akupedzesera,’ ndizvo zvinotaura Mwari, ‘ndichadurura Mweya wangu pamusoro pavanhu vose. Vanakomana navanasikana venyu vachaprofita, majaya enyu achaona zviratidzo, vatana venyu vacharota hope.” (Mabasa 2:1-17)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Ruka 11:13; Johane 16:13; Mabasa 1:1; VaKorinde 12:7-11; VaGaratia 5:16)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Vateveri vaJesu vekutanga vakabata nyika yavairarama nekuti vaive vakazadzwa naMweya Mutsvene. Nhasi, sevateveri vekutanga vaKristu, tinofanira kuva naMweya Mutsvene.

Jesu Akauya Kuzoratidza Rudo NeKuregererana



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akaratidza rudo nekuregerera kwaMwari kuvanhu vose. Sevateveri vaKristu, tinofanira kuratidza rudo nekuregerera kwaMwari kuvanhu vose.

Chiverengwa Chinoenderana: Murayiro wangu ndouyu: Dananai, sezvo ini ndakakudai. (Johane 15:12)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu paiva panyika, vanhu vaitongwa nemurawo waMozisi. Munyaya iyi, Jesu anoratidza vanhu nzira itsva yekurarama inoenderana nerudo nekuregerera.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Panguva dzamambakwedza akazviratidzazbe mutemberi, vanhu vakamunganira, uye akagara pasi kuti avadzidzise. Vadzidzisi vomurayiro navaFarisi vakapinda nomukadzi akanga abatwa achiita upombwe.

Vakamuita kuti amire pamberi peboka uye vakati kuna Jesu, “Mudzidzisi, mukadzi uyu abatwa achiita upombwe. MuMurayiro Mozisi akatirayira kuti titake namabwe vakadzi vakadai. Zvino imi munoti kudii?”

Vakanga vachishandisa mubvunzo uyu kuti vamuteye, vawane hwaro hwokumupa mhosva. Asi Jesu akakotama akatanga kunyora pasi nomunwe wake.

Vakati varamba vachimubvunza, akatwasuka akati kwavari, “Kana pane asina chivi pakati penyu, ngaave iye wokutanga kupotsera dombo kwaari.”

Akakotamazve akanyora pasi. Vakati vanzwa izvi, vose vakatanga kubva vachiita mumwe mumwe, kutanga vakuru, kusvikira Jesu asara oga, uye mukadzi achakangomirapo.

Jesu akatwasuka akati kwaari, “Mai, varipiko vanga vachikupomera mhosva? Hapana akutonga here? Iye akati, “Hapana, Ishe.” Jesu akati, Neniwo handikupi mhosva. Chienda zvino usiye upenyu hwako hwechivi.” (Johane 8:2-11)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Johane 15:12-17; 1 Joahane 2:8-11; Johane 3:16; 1 Johane 4)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu aiva muratidziri werudo nekuregerera kwakakwana. Kana tiri vateveri vaKristu tinofanira kuratidzira rudo nekuregerera vanhu vose.

KUZVIRURAMISA PAMBERI PAMWARI

CHIDZIDZO

4-5

Kurangarira Kuti Takatadza Kuva Zvinotarisirwa NaMwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Vanhu vose vakawira pasi pemirayiro yaMwari. Hatikwanisi kuzvinatsa nyore nekuita mabasa akanaka. Tinofanira kurangarira kutadza kwezu tokumbira Mwari tsisi dzavo. Tikakumbira tsitsi dzaMwari, tinoururamiswa pamberi paMwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Nokuti vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari... (VaRoma 3:23)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu akataura nyaya yavarume vaviri. Mumwe aiva mutungamiri, muFarisi. Mumwe aiva muteeresi aivengwa nevanhu. Munyaya iyi, kuzviruramisa pamberi paMwari zvinoreva kuti Mwari vakamuregerera zvitadzo zvake.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

“Varume vaviri vakawira kutemberi kundonyengetera, mumwe akanga ari muFarisiuye mumwe ari muteresi. MuFarisi akasimuka akazvinyengetera achiti, ‘Mwari, ndinokuvongai nokuti handina kufanana navamwe vanhu, makororo, vaiti vezvakaipa, mhombwe, kana kunyange muteresi uyu. Ndinozvinyima zvokudya kaviri pavhiki uye ndinopa chegumi chevose zvandinowana.’ “Asi muteresi akamira ari nechokure, asingadi kunyange kutarira kudenga, asi akazvirova chipfuva akati, ‘Mwari, ndinzwerei tsitsi, ini mutadzi.’ “Ndinokuudzai kuti munhu uyu, akadzokera kumba kwake aruramiswa pamberi paMwari kupinda muFarisi. Nokuti mumwe nomumwe anozvikudza achaninipiswa, uye uyo anozvininipisa achakudzwa.” (Ruka 18:10-14)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(VaRoma 3:24; VaRoma 4:4-5; VaRoma 5:1-2; VaRoma 8-10; VaRoma 10:10; Jakobho 2:20-26)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Vanhu vose vatadzi chaizvo uye vanoda kururamiswa. Kururamiswa kunotanga nekurangarira kuti takawira pasi pemurayiro yatinotarisirwa naMwari uye tinofanira kukumbira tsitsi dzaMwari. Mwari oga ndiye anokwanisa kutiruramisa.

HUMAMBO HWAMWARI

CHIDZIDZO

4-6

Kuberekwa Patsva MuMweya



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu aigarotaura nezve humambo hwaMwari. Humambo hwaMwari ihurumende yaMwari. Vateveri vaKristu ndivo vagari vemuhumambo hwaMwari. Hapana anokwanisa kuona humambo hwaMwari asina kubereka patsva.

Chiverengwa Chinoenderana: Naizvozvo kana munhu ava muna Kristu, ava chisikwa chitsva; zvakare zvapfuura, zvinhu zvose zvava zvitsva! (2 VaKorinde 5:17)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mumwe murume ainzi Nikodhimo akauya kuna Jesu akabvunza mubvunzo. Nikodhimo aiva mumwe wedare revatongi vaikosha.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Zvino kwakanga kuno mumwe murume weboka ravaFarisi ainzi Nikodhimo, nhengo yedare ravaJudha

raitonga. Akauya kuna Jesu usiku akati, “Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kuna Mwari. Nokuti

hakuna munhu angagona kuita zviratidzo zvamunoita kana Mwari asinaye.” Jesu akapindura akati,

“Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva.”

Nikodhimo akabvunza akati, Munhu angaberekwa seiko iye ava mukuru? Zvirokwazvo haangagoni kupinda

mudumbu ramai vake kechipiri kuti aberekwe patsva!” Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi,

hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa nemvura uye noMweya. Nyama

inobereka nyama, asi Mweya anobereka Mweya. Haufaniri kushamiswa nezvandareva ndichiti, ‘Unofanira

kuberekwa patsva.’ Mhepo inovhuvhuta ichienda kwainoda. Unonzwa inzi rayo, asi haugoni kuziva

kwainobva kana kwainoenda. Ndizvo zvakaite vose vakaberekwa noMweya. (Johane 3:1-8)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Johane 18:36; Mabasa 1:3; VaRoma 6:4; 2 Timoti 4:18; 1 Petro 1:23; 2 Petro 1:11)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akati hakuna kana ani anpinda muhumambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva. Jesu akaudza Nikodhimo kuti anofanira kuberekwa nemvura naMweya.

BHAIBHERI

Chokwadi Chakanyorwa Kubva Kuna Mwari



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Bhaibheri Magwaro Matsvene uye ane samba. Chokwadi chiri muBhaibheri chinokwanisa kusandura mwoyo nepfungwa dzedu. Bhaibheri rakakosha uye ndiro bhuku rimwe chete rinotudza kuti Mwari ndiani. Bhaibheri ndiro bhuki rega rakabva kuna Mwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwanise kwazvo agadzirirwa mabasa ose akanaka. (2 Timoti 3:16-17)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu asit atanga kuparidza kuruzhinji, Akasangana nadhiabhoru. Paakasangana, Jesu akamira neMagwaro kukunda kuedzwa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo Jesu akatungamirirwa naMweya Mutsvene kurenje kuti andoedzwa nandhiabhoru. Mushure mokunge atsanya kwamazuva makumi mana nousiku huna namakumi mana, akanzwa nzara. Muedzi akauya kwaari akasvikoti, “Kana uri Mwanakomana waMwari, rayira mabwe aya kuti ave chingwa.” Jesu akapindura akati, “Kwakanyorwa kuchinzi, ‘Munhu haararame nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.’” Ipapo dhiabhoru akamutora akaenda naye muguta dzvene uye akandomuita kuti amire pachiruvi chetemberi, akati “Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire pasi, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: ‘Acharayira vatumba vake pamusoro pako uye vachakusimudza namaoko avo kuti urege kugumburisa rutsoka rwako nebwe.’” Jesu akamupindura akati, “Kwakanyorwawo kuchinzi, ‘Usaedza Ishe Mwari wako.’” Dhiabhoru akamutorazve akaenda naye pamusoro pegomo refu kwazvo uye akamuratidza ushe hwose hwenyika nokubwinya kwahwo, akati, “Zvose izvi ndichakupa kana ukandikotamira uye ukandinamata.” Jesu akati kwaari, “Ibva pandiri Satani! Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, Namata Ishe Mwari wako uye umushumire iye oga.” Ipapo dhiabhoru akamusiya, uye vatumba vakauya vakamushandira. (Mateo 4:1-11)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mapisarema 19; VaRoma 10:17; VaEfeso 6:13-17; 2 Petro 1:20-21; Jakobho 1:21)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akasarudza kurwisa Satani neShoko. Isu tinokwanisawo kushandisa Shoko sechombo kurwisa muvengi uye semudziyo kuvaka kutendera kwedu.

Vateveri VaKristu Vachigara Mukubatana



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Apo Jesu akabva panyika achikwira kudenga kuna Baba Vake, akasiya Kereke semumiriri Wake pano panyika. Sevateveri vaKristu, tinofanira kugara mukuwirirana nevamwe vateveri vaKristu tichikurudzirana muchitendero. Kereke Muviri waKristu, uye Kristu ndiye musoro weKereke.

Chiverengwa Chinoenderana: Ndinoti kwauri, iwe ndiwe Petro, paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi. (Mateo 16:18)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Mushure mekunge Jesu adzokera kuna Baba vari kudenga uye Mweya Mutsvene wauya, huwandu hwevatenderi hwakakura nekukurumidza. Muchinguva vatenderi vakatanga kusangana pamwe vachirumbidza uye kudzidza Shoko pamwe chete. Vatenderi ava vaibatsirana kana vaine kushaya uye vaibatsira chirikadzi. Boka reKereke rekutanga muJerusarema raiva rakagadzirwa nemapoka maviri. Rimwe reboka reKereke iri raitaura chiGiriki richinzi vaJudha veHerenisi. Rimwe boka raitaura chiHebheru uye richinzi vaJudha vechiHebheru. Vaprista vari munyaya ino vaprista vechitendero chechiJudha.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Mumazuva iwayo vadzidzi zvavakanga vachiwedzera pauwandu, vaJudha vaitaura chiGiriki vaiva pakati pavo vakagununa pamusoro pavaJudha vaitaura chiHebheru nokuti chirikadzi dzavo dzaidarikwa pakugoverwa kwezvokudya zvemisi yose. Saka vane gumi navaviri vakaunganidza vadzidzi vose pamwe chete vakati, “Hazvingavi zvakanaka kwatiri kuti tirege ushumiri hweshoko raMwari kuti tishande pamatafura. Hama, sarudzai varume vanomwe pakati penyuvanozvikwanwa kuti vakazadzwa noMweya nouchenjeri. Isu tichaisa basa iri kwavari, uye ticharamba tiri pakunyengerera napaushumiri hweshoko.” Shoko iri rakafadza boka rose. Vakasarudza Sifani, murume akanga azere nokutenda uye noMweya Mutsvene; uyezve Firipi, Pirokoro, Nikano, Timoni, Paminasi, naNikorasi aibva kuAndioki, akanga akatendeukira kuchitendero chechiJudha. Vakaisa maoko pamusoro pavo. Saka shoko raMwari rakapararira. Vadzidzi vakawanda kwazvo paJerusarema, uye boka guru ravaprista rakagamuchira kutenda. (Mabasa 6:1-7)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mabasa 2:42-47; 1 VaKorinde 12:12-28; VaEfeso 2:19-21; VaEfeso 4:14-16; VaHebheru 10:25)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Bhaibheri rinofanidza Kereke nemuviri wemunhu. Mumuviri memunhu nhengo yega yega ine basa rayo rekuita uye muviri unoshanda kuburikidza nenhengo imwe neimwe. Vateveri vaKristu vanofanira kuva vakavimbika kune zvavakakomerwa uye kuve vanobatsirana navamwe veKereke.

CHIEDZA CHENYIKA

CHIDZIDZO

4-9

Kuratidzira Chiedza ChaKristu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Sevateveri vaKristu hupenyu hwedu hunofanira kuratidzira hunhu hwaKristu. Tinofanira kuratidzira kunyika kuti Kristu ndiani nenzira yatinorarama nayo.

Chiverengwa Chinoenderana: Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga. (Mateo 5:16)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Vanhu vakawanda vakaunganira Jesu kuti vanzwe Jesu achidzidzisa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Makaropafadzwa imi kana vanhu vachikutukai, vachikutambudzai uye vachikupomerai zvakaipa zvose nokuda kwangu. Farai mufarisise kwazvo nokuti mubayiro wenyu mukuru kudenga, nokuti nenzira imwe cheteyo vakatambudza vaprofita vakakutangirai. Imi muri munyu wenyika. Asi kana munyu usisavavi ungavaviswe nei? Hauchabatsiri chinhu, kunze kwokuti uraswe ugotsikwa zvawo navanhu. Imi muri chiedza chenyika. Guta riri pamusoro pegomo haringavanziki. Uy e vanhu havangatungidzi mwenje vagouisa pasi pedengu. Asi kutoti vanouisa pachigadziko kuti uvhenekere vose vari mumba. Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga. (Mateo 5:11-16)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 5-7; 2 VaKorinde 4:6; 1 Johane 1:7; 1 Johane 2:10)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akadzidzisa vateveri vake kuti vangararama sei hupenyu hwakanaka une mabasa akanaka.

Hupenyu Husingaperi NaMwari kana Kurwadziwa



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Upenyu haungoperi kana tafa. Tinoenderera mberi nekurarama nekusingaperi. Vanhu vose vachapa chapupu chemaramiro avakaita panyika. Vateveri vaKristu vacharama nekusingaperi Naye. Avo vasingateveri Kristu vacharama upenyu husingaperi mukutambura kure naMwari.

Chiverengwa Chinoenderana: Musashamiswa pane izvi, kuti nguva inouya apo vose vari mumakuva avo vachanzwa inzwi rake uye vachamuka; vose vakaita zvakanaka vachamuka vachienda kuupenyu, uye avo vakaita zvakaipa vachamuka vachienda kukutongwa. (Johane 5:28-29)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu akadzidzisa vateveri vake pamusoro pehupenyu husingaperi achishandisa nyaya yemurume aive akapfuma uye mumwe aiva murombo.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Paiva nomumwe murume mupfumi aipfeka nguo dzepepuru nomucheka wakaisvonaka uye aigara upenyu hwakaisvonaka mazuva ose. Pasuo rake paigara mupemhi ainzi Razaro, akanga azere namaronda uye achipanga hake kuya zvimedu zviwa patafura yomupfumi. Kunyange imbwa dzaiuya dzichinanzva maronda ake. Nguva yokufa kwomupemhi yakati yasvika vatumba vakamutora vakamuendesa pachipfuva chaAbhurahama. Mupfumi akafawo akavigwa. Ari mugehena, umo maairwadziwa, akatarisa kumusoro akaona Abhurahama ari kure, naRazaro ari pachipfuva chake. Saka akadanidzira kwaari achiti, 'Baba Abhurahama, ndinzwirei ngoni mugotuma Razaro kuti anyike muromo womunwe wake mumvura atonhodze rurimi rwangu, nokuti ndiri kurwadziwa kwazvo mumoto muno.' Asi Abhurahama akapindura akati, 'Mwanakomana, rangerira kuti pamazuva oupenyu hwako wakagamuchira zvinhu zvako zvakanaka, panguva iyoyo Razaro akagamuchira zvinhu zvakaipa, asi zvino ari kunyaradzwa pano, uye iwe uri kurwadziwa. Uye pamusoro paizvozvo zvose, pano mukaha mukuru wakaiswa pakati pedu newe, kuitira kuti vanoda kubva kuno kuti vaue ikoko vakonewe, uye hakuna munhu angayambuka achibva ikoko achiuya kwatiri.' 'Iye akapindura achiti, 'Zvino ndinokukumbirai, baba, tumai Razaro kumba kwababa vangu, nokuti ndina vanun'una vashanu. Ngaende anovayambira, kuitira kuti naivowo varege kuuya kunzvimbo ino yokurwadziwa.' 'Abhurahama akati, 'Mozisi navaprofita vanavo; ngavavanzwe.' 'Iye akati. 'Kwete, baba Abhurahama, asi kaa mumwe akabva kuna vakafa akaenda kwavari, vangatendeuka.' 'Iye akati kwaari, 'Kana vasinganzwi Mozisi navaprofita, havangatebdi kunyange dai mumwe akamuka kubva kuvakafa.' (Ruka 16:19-31)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 19:16-26; Mateo 25:45-46; VaRoma 6:20-23; 1 VaTesaronika 4:13-18)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Tose tichauya pamberi paMwari tichipa nhorondo yatakararama hupenyu hwedu. Kurarama hupenyu husingaperi naMwari zvinoenderana nehukama hwedu naMwari.

Jesu Achatonga Vanhu Vose



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akauya panyika kudzoredza hukama hwavanhu naMwari. Achadzoka zvakare panyika kuzopedza mabasa ose adhiabhoi uye kuzotonga vanhu vakaipa, achitongazve avo vakaramba kumugamuchira salshe. Jesu achapa mubairo kvanhu vakanaka nekuda kwekutenda kwavo.

Chiverengwa Chinoenderana: Nokuti Ishe pachake achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari, uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Shure kwaizvozvo, isu vachiri vapenyu uye vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore kuti tisangane naShe mudenga. Nokudaro tichava naShe nokusingaperi. Naizvozvo kurudziranai namashoko aya. (1 VaTesaronika 4:16-18)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Munyaya iyi Jesu anotaura zvichaitika mukutongwa kuchaveko kvanhu mukuguma kweupenyu panyika.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Nokuti sezvo Baba vachimutsa vakafa uye vachivapa upenyu, saizvozvo Mwanakomana anopa upenyu kuno uyo waanofarira kuti ape. Pamusoro paizvozvo, Baba havatongi munhu, asi vakapa mwanakomana kutonga kwose, kuti vose vakudze Mwanakomana sokukudza kwavanoita Baba. Uyo asingakudzi Mwanakomana, haakudzi Baba vakamutuma. “Ndinokuudzai chokwadi kuti, ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachatozotongwi, abva murufu uye avo vanonzwa vachararama. Nokuti sezvo Baba vano upenyu mavari, saizvozvo vakapa Mwanakomana kuti ave noupenyu maari. Uye vakamupa samba rokuti atonge nokuti ndiye Mwanakomana woMunhu. Musashamiswa pane izvi, kuti nguva inouya apo vose vari mumakuva avo vakaita zvakana vachamuka vachienda kuupenyu, uye avo vakaita zvakaipa vachamuka vachienda kukutongwa. Ini ndoga handogoni kuita chinhu; ndinongotonga sezvandinenge ndanzwa, uye kutonga kwangu kwakarurama nokuti handitsvaki kuzvifadza asi iye akandituma. (Johane 5:21-30)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mako 9:41-48; 1 VaKorinde 3:11-15; 2 VaKorinde 5:10; Zvakazarurwa 20:11-15)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Jesu akatiyambira kuti tive tinogadzirira kana ouya kuzotonga vakaipa uye kupa mubairo avo vakaramba zvakana.

Kukosha Kwekurangira Kufira Matadzo Edu KwaKristu



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Jesu akarayira vateveri vake kuti vave vanodya chirariro chaShe nguva dzose. Izvi zvinoratidzira kuti tinorangira kuzvipira kurufu kwaJesu, achiripa zvivi zvavanhu.

Chiverengwa Chinoenderana: Uye akatora chingwa, akavonga akachimedura, uye akavapa, achiti, “Uyu ndiwo muviri wangu wakapiwa kwamuri; itai izvi muchindirangira.” Saizvozvo, vakati vapedza chirariro akatora mukombe, akati “Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu, rinodururirwa imi. (Ruka 22:19-20)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Husiku Jesu asati afa pamuchinjikwa akagovera chirariro chekugumisira kuvadzidzi vake. Panguva iyi akakumbira kuti vadzidzi vake varambe vachimurangira uye kufa kwake pamuchinjikwa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Pane zvakarayirwa zvinotevera handikurumbidzei, nokuti hamuunganiri zvakanaka asi zvakaipa.

Chokutanga, ndakanzwa kuti pamunosangana pame chete sekereke, pne kupesana pakati penyu, uye ndingangozvitenda. Nokuti dzidziso dzakatsaukana dzinofanira kuva pakati penyu, kuti zvionekwe kuti vakatendeka kuna Mwari ndavapi. Pamunoungana, hachisi chirariro chaShe chamunodya, nokuti kana modya, mumwe nomumwe wenyu anongotanga kudya asingamiriri vamwe. Mumwe anosara ane nzara, mumwewo anodhakwa. Ko, hamuna dzimba kwamungadyira nokunwira here? Kana kuti munozvidza kereke yaMwari nokunyadzisa vasina chinhu here? Zvino ndichatiiko kwamuri? Ndingakurumbidzai nkuda kwaizvozvo here? Zvirokwazvo kwete! Nokuti ndakagamuchira kubva kuna She icho chandakakupai kuti Ishe Jesu, usiku hwaakapandukirwa, akatora chingwa, uye mushure mokunge avonga, akachimedura akati, “Uyu muviri wangu, unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangira.” Saizvozvowo, mushure mechirariro akatora mukombe, achiti “Mukombe uyu ndiwo sungano itsva muropa rangu; itai izvi nguva dzose kana muchiunwa, muchindirangawarira.” Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi nokunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe kusvikir achidzoka. (1VaKorinde 17-26)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Ruka 22:7-38; Johane 6:47-58; 1 VaKorinde 11:17-34; Zvakazarurwa 19:9)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Chirariro chaShe inguva yekuremekedza Jesu uye inguva yekuzviongorora mukati mehupenyu hwedu kuti hubvumwa naMwari here. Inguva yekuti vateveri vaKristu vanofanira kurumbidza Ishe akazvipa kuvanhu.

Kuita Chitsidzo Chechitendero Muna Kristu Pamberi Peruzhinji



DINGINDIRA RECHIDZIDZO – Kugadzirira Ivhu

Kubhabhatidzwa nemvura kwakakosha muhupenyu hwemutenderi mutsva. Kubhabhatidzwa inguva yekuti mutendi mutsva anoita chitsidzo chekutenda muna Kristu pamberi peruzhinji achinyikwa mumvura kuratidzira kufa muhupenyu hwakare. Kana vachinyururwa kubva mumvura zvinoratidza upenyu hutsva.

Chiverengwa Chinoenderana: Petro akapindura akati, “Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muzita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene. (Mabasa 2:38)



NYAYA YEMUBHAIBHERI – KUDYARA MBEU

Nhanganyaya inopa umbowo hwekubatsira kunzwisisa nyaya.

Jesu aive nehama yainzi Johane Mubhabhatidzi. Johane Mubhabhatidzi aiudza vanhu kuti vabhabhatidzwe mumvura sechiratidzo chekutendeuka kubva muzvivi zvavo. Jesu aiva asina kana kutadza, asi akaona zvakakodzera kuti aitewo chiratidzo ichi achiratidza vamwe kukosha kwekubhabhatidzwa.

Nyaya YemuBhaibheri Inotangira Pano.

Ipapo Jesu akabva kuGarirea akauya kuJorodhani kuti azobhabhatidzwa naJohani. Asi Johani akaedza kumudzivisa achiti, “Ini ndini ndinotofanira kubhabhatidzwa nemi, imi mouya sei kwandiri?” Jesu akati, “Ngazvive saizvozo iye zvino; zvakafanirwa kuti tiite izvi kuti tizadzise kururama kwose.” Ipapo Johani akabvuma hake. Jesu angobhabhatidzwa, kabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. Inzwi rakabva kudenga richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.” Mateo 3:13-17)



NZIRA YEKUWANA – KUDIRIDZA NEKUISA MUFUDZE



DZIDZA MAMWE MAGWARO – KUCHEKERERA

(Mateo 28:16-20; Mabasa 8:26-40; VaRoma 6:3-13; VaKorose 2:9-12)



MIBVUNZO YEKUITA – Kukwohwa Muchero (2 Timoti 3:16-17)

MHEDZISO

Testamende Itsva inotidzidzisa kuti kubhabhatidzwa nemvura kwakakosha muhupenyu hwevatendi. Rubhabhatidzo remvura chiratidzo chekufa munzira dzekurarama kwedu kwakare uye hupenyu hutsva muna Jesu.

Kushevedzwa ku

BEREKANAI MUWANDE

Mukusikwa tinoona kuti Mwari akasika chiri chose chinorarama chichikwanisa ku “berekana” uye “kuwanda.” Bhaibheri rinotiudza kuti zvinhu zvose zvakasikwa kuti zviberekane “kuenderana nerudzi rwazvo.” Apo Mwari paakasika munhu, mutemo wekuberekana nekuwanda hauna kushanduka. Mwari akavakomborera akati kwavari, “Berekana muwande; zadzai nyika uye mubate ushe pamusoro payo. (Genesisi 1:27-28)

Takatanga tasikwa naMwari uye “ndokuropafadzwa” naMwari kuti tiberekane tizadze nyoka. Kwemakore anopfuura 6,000 rudzi rwavanhu rwakazadzisa murayiro uyu uye vazadza nyika.

Apo Jesu Kristu akafamba panyika akataura kukosha kwekuti vanhu vaberekwe kepiri kana kuti kubekwa kwemweya. Kudaro, Jesu akati haukwanise kupinda muuMambo hwaMwari kana usina kubekwa zvakare. Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kubekwa nemvura uye noMweya. Nyama inobereka nyama, asi Mweya anobereka Mweya. (Johane 3:5-6)

Kristu vakatishevedza kuupenyu utsva. Upenyu utsva uyu kubekwa naMweya Mutsvene. Tinoratidzira kuruzhinji kubekwa kweu kutsva patinobhabhatidzwa mumvura. Murayiro waMwari wokuti berekana muwande unozadziswa pakubekwa kwedu patsva noMweya. Muupenyu hwedu munaKristu tinopiwa mukana uye mutemo wekubereka upenyu hwedu hwomweya. Ipapo Jesu akasvika pavari akati, “Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, uye muchivadzidzisa kuti vachengete zvose zvandakakurayirai.” (Mateo 28:18-20)

Takashevedzwa naKristu kuti tiite vateveri uye tibhabhatidze vamwe kuti vapinde muuMambo hwaMwari. Takashevedzwa kurarama upenyu hunobara michero, hunotungamira kubekana mumweya.

Chidzidzo neGwaro reBerekana Muwande rakagadzirirwa vateveri vaKristu, kuvatungamirira kuupenyu hwomweya hwokubekana hunopa mubayiro wekuwanda. “Nokuti makabekwa patsva, kwete nembeu inoora, asi isingaori, neshoko raMwari benyu uye rinogara nokusingaperi.” (1 Petro 1:23)

Chokwadi Mwari ngavakukomborerei nemichero uye kuwanda kwekubekwa mumweya muhupenyu hwenyu uye mukushumira. Ngationei nyika ino ichizadzwa neavo vabekwa muumambo hwaMwari!

--	--

